

DEWALE BONDYE



Annou rete kanpe jis yon moman pandan nou bese tèt nou pou lapriye.

² Seyè ki fè Gras nou an, nou vrèman gen rekonesans jodi a pou privilèj sa ke nou genyen pou nou rasanble ansanm sou tè a anvan Vini Seyè a. Ke nou egzamine kè nou jodi a, ak Pawòl Ou, pou wè si nou nan Lafwa, pou nou ka pare, pou, moman Aparisyon L lan. Pou nou tankou jan Ekriti a te di l t ap ye a, “Anlve ansanm, avèk sa k ap dòmi yo, pou rankontre Seyè a anlè a, epi pou nou avè L pou tout tan.”

³ Nou remèsye W pou vrè Espri Kreyen an ki toujou nan mond lan, pami moun yo, pou yo toujou kwè W ak Pawòl Ou. Kidonk nou mande benediksyon W sou nou jodi a, pou W ka vide sou nou chak sa nou bezwen, pou nou ka wouze ak Pawòl la, konsa nou ka vin dè enstriman itil nan men W, pou dènye jou sa a. Paske nou mande sa nan Non Seyè Jezikri, gran Bèje nou an, ke n ap tann pou parèt la. Amèn.

Nou mèt chita.

⁴ Mwen vle di ke m konsidere sa kòm yon gran privilèj maten an pou m isi a ankò. E mwen ekskize m poutèt nou pa gen ase plas pou chita. E n ap eseye, aswè a, priye pou malad yo; jodi a, maten an, sa t ap on tijan difisil.

⁵ E—e m te sou pwen anrejistre Mesaj sa a jodi a. Mwen . . . Seyè a te sanble ap trete avè m apwopo de sa, o, gen yon mwa ou de mwa de sa, e li long. E m pa gen tan lè m nan reyinyon deyò lòt kote, paske nou limite sa a trant, ou karant minit pou sèvis la. E lè sa nou . . . Poutèt moun yo oblije al travay ak bagay konsa, m twouve ke li pi bon si m rann Mesaj mwen yo kout. E yo pa t gen tan deyò la pou anrejistre l, kifè mwen te panse ke m t ap jis tann jiskaski m rive nan tabènak la isi a pou anrejistre l. E li on tijan long, e m konnen ke nou kanpe, e mwen—mwen pral fè osi vit ke m kapab. Epi, bon, nou p ap deranje m si nou chanje plas, oswa kèlkeswa sa l ye a, sa ap—sa ap toutafè annòd pou mwen paske sa se yon jou espesyal pou fè anrejistreman sa yo.

⁶ E donk nou gen bèl rapò sou sa Seyè a fè deyò nan chan an, men n ap pwobableman bay plis sou sa aswè a lè n ap ka konsakre plis tan a sa, kote n ap gen plis tan pou bay.

⁷ E kounye a nou espere ke Seyè a pral beni nou chak. Mwen konnen kè nou ranpli ak jwa, pandan n ap tann Vini Seyè a. E kè pa m tou, ap tresayi, pou wè jan bagay yo ap pase. Epi—epi konfli nasyonal, ak legliz nan kondisyon l ye a, epi pou wè siy Vini L lan, alafwa fizikman e espirityèlman, epi pou w konnen ke moman Aparisyon L sa a tèlman pwòch, sa jis ranpli kè nou

ak jwa pou nou konnen ke nou pral chanje youn nan jou sa yo. Nou pral chanje de kreyati sa yo ke nou ye a.

⁸ Kounye a, mwen kwè, si m byen konprann, yo gen liy telefòn kèkpa, pou Mesaj sa ka ale nan Phoenix epi nan—epi nan diferant kote, pa mwayen telefòn. E kifè kounye a nou espere ke si se sa . . . Mwen pa konnen; yo fèk di m sa anvan m te antre. Epi—epi tout moun lòt bò la ap pwofite de bon sante epi—epi Glwa Seyè a sou yo.

⁹ E kounye a—kounye a nou pral louveri Pawòl Seyè a. E rezon kifè nou tout isi a se pou nou rejwi nou epi fè atansyon a sa nou. . . Nou—nou pa janm vin isi a epi nou. . . Pa gen moun la a ki pa konnen ke pèsoun pa t ap chita nan yon chalè konsa, jis pou lide ke nou vin la. Nou la pou yon sèl bi, e se pou, “mache pi pre avèk Bondye.” Tout sa nou ka fè, se kwè ke Seyè Jezi avèk nou. E nou isi a pou—pou nou mache pi pre avè L.

¹⁰ Bon chalè sa a on tijan di pou mwen. Mwen on tijan vin abitye ak chalè sèk lòtbò a nan Tucson, ki se. . . Poutèt imidite isit la kounye a; chalè nou lòtbò a pi cho ke sa a, men li sèk. Pafwa imidite nou atenn yon ventyèm en pousan, petèt, on bagay konsa, se jis tankou w ap viv anba yon tank oksijèn. Men isi a li gen imidite a—a—a ladann, li jis fè w santi on tijan “tou kraze,” jan nou abitye di l la. Kifè sa difisil pou nou, mwen konn sa, e nou menm manman ak ti bebe nou yo epi nou menm moun ki kanpe yo, granmoun ak jèn, ke yo mete ansanm jan nou ye a. E kounye a nou—nou espere ke Bondye pral rekonpanse nou anpil pou sakrifis nou.

¹¹ Dapre sa m konprann Frè Roy Borders isit la yon kote. M te tandè yo anonse l, men m sipoze petèt ke li pa t ka antre. Dakò. Sa se manadjè reyinyon yo.

¹² Kifè kounye a nou vle anonse tou ke gen youn ki te konn abitye avèk nou ki al jwen Seyè a maten an, yon nonm, Frè Jackson ki soti Sturgis, Michigan. Pèsoun pa konn kijan l te pati ou kisa k te pase. Li te jis prale byen, epi li te jis. . . Mwen kwè yo te jwenn li mouri, ou yon bagay konsa. Mwen—mwen pa gen tout detay yo. E nou gen Bondye anpil rekonesans poutèt Frè Jackson te yon Kreyen. Mwen pa t wè l depi plizyè lane, men li te konn chita nan mitan nou e li se youn nan nou. Ke Bondye bay nanm vanyan li repo! Pou w pati konsa, nou kwè ke se te petèt on bagay, ke se te tan pou l te ale. Seyè a pa t janm avèti nou sou sa, ni limenm, li jis al fè wout li. Se konsa sa te rive. E m vle rele madanm li osito ke m kapab, pou eksprime l lapenn nou. E nou tout vle di Bondye mèsi pou brav vi Kreyen li, epi sa l te reprezante isi a sou tè a, e espesyalman pou nou isi a nan asanble lokal sa a.

¹³ Bon aswè a, mwen te anonse ke pral priyè pou malad yo aswè a, e m ap plis pale sou malad yo aswè a.

¹⁴ Men pou moman sa, annou antre dirèkteman nan Pawòl la kounye a, paske gen anpil moun e li fè cho. Nou pral dirèkteman nan Pawòl la. Mwen vle li 2 pasaj Ekriti maten an, yo long, konsa sa ap ban m on ti kontèks sou sa m vle di a.

¹⁵ E, kounye a, m ta renmen yo kenbe kasèt la, Frè Sothmann ak lòt frè yo, anvan yo vann li, si posib, e mwen—mwen ta renmen tandè l anvan nou . . . anvan l soti an piblik.

¹⁶ Kounye a nan . . . Mwen vle li nan Filipyen, chapit 2, 1 a 8; epi 2 Korent 3, n ap kòmanse ak vèsè 6, e n ap li jiska chapit 4 la nan 2 Korent, jis pou yon kontèks. Kounye a nan Filipyen, chapit 2, m ap li an premye.

Anvan nou li, annou priye.

¹⁷ Seyè Jezi, Pawòl Ou se Verite. E nan moman difisil sa a ke n ap viv la, nasyon kont nasyon, epidemi, tranbleman tè anpil kote, kè moun k ap febli, laperèz, nou wè men k ap ekri sou miray la. Kounye a, sa se nan domèn natirèl, pou mond lan ta ka wè sa. Men la a gen yon domèn esprityèl, tou, e nou wè gwo evènman k ap rive, e nou vle pale de yo jodi a.

¹⁸ Beni Pawòl Ou nan kè nou. Nou konnen pa gen pèsonn nan Syèl la oswa sou tè a ki diy pou pran Liv sa a, pou louvri So yo, oswa pou menm gade L. Men gen Youn ki te parèt, yon Ayo sakrifye, an san, ki te vini epi te pran Liv la, ki te diy e ki te ka louvri L. O Ayo Bondye, ouvri Pawòl Ou pou kè nou jodi a, pou rekonfòte nou. Nou se sèvitè W. Padone peche nou yo, Seyè. E nenpòt sa ki ta ka anpeche Pawòl la soti avèk gwo pwisans ak enflyans sou vi nou jodi a, retire l, Seyè, tout nwizans, pou nou ka gen aksè konplè a tout benediksyon ki te pwomèt pou nou atravè Pawòl Ou. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

¹⁹ Filipyen 2:

Konsa si se nan Kris nou jwenn satisfaksyon, si nou jwenn konsolasyon lanmou, si nou jwenn ankourajman Sentespri a, si nou jwenn zantray mizèrikòd,

Fè kè m kontan nèt, se pou nou viv byen yonn ak lòt, se pou nou yonn renmen lòt menm jan an, pou nou tout gen yon sèl lide nan tèt nou ak yon sèl santiman nan—nan kè nou.

Pa fè anyen nan lide pou fè tèt nou pase pou pi bon, ni pou fè lwanj tèt nou; Men soumèt nou devan Bondye, mete nan tèt nou lòt yo pi bon pase nou.

Piga pesonn chache enterè pa l ase, se pou l chache sa ki bon pou lòt yo tou.

Se pou nou yonn gen pou lòt menm santiman ki te nan Jezi Kris la:

Sa Bondye ye a, se sa l te toujou ye, men, li pa t janm konsidere sa tankou yon avantaj pou l te chache kenbe ak tout fòs:

Okontrè se li menm pou tèt pa l ki chwazi mete sa sou kote, li te pito tounen yon domestik, li pran fòm yon moun, li vin tankou tout moun:

Li rabese tèt li tankou yon moun, li soumèt devan Bondye, li obeyi Bondye jouk li rive asepte al mouri, wi jouk li asepte mouri sou kwa a.

²⁰ Kounye a si nou vle kounye a al nan 2 Korent, chapit 3, n ap kòmanse ak vèsè 6 la, e n ap li jiska vèsè 18, epi desann pran on pati nan chapit 4 la.

Li te fè nou vin kapab sèvi nan yon nouvo alyans; pa nan lèt la, men nan Lespri a: Paske lèt la touye, men Lespri a bay lavi.

Kounye a, si ministè lanmò a, grave ak lèt sou wòch, te gen anpil glwa, konsa pitit Izrayèl yo pa t kapab fikse je yo sou figi Moyiz akòz glwa figi li; menm si glwa a te pou youn ti tan:

Alewè pou ministè Lespri a pral pi glorifye?

Si ministè kondanasyon an te glorifye, ministè jistis la gen plis glorifikasyon toujou.

E nan sans sa a, sa ki te glorifye pa t glorifye, poutèt glwa sa a ki siperyè.

Paske, si sa ki te pou youn ti tan te gen glwa, sa ki pou tout tan an . . . gen plis glwa toujou.

Se poutèt sa, lè nou gen esperans sa a, nou dwe . . . gen anpil libète, nou sèvi ak anpil libète.

Epi nou pa tankou Moyiz, ki te mete youn vwal sou figi l, pou pitit Izrayèl yo pa t fikse je yo sou fen sa ki te gen pou pase a:

Men lespri yo te avèg: Jouk jounen jodi a, menm vwal la rete la lè y ap li Ansyen Testaman an, epi yo pa leve; paske se nan Kris la ke l disparèt.

Jouk jounen jodi a, lè yo li liv Moyiz la, vwal la kouvri kè yo.

Men, lè kè yo tounen vin jwenn Senyè a, vwal la retire.

Kounye a, Senyè a se Lespri a: epi kote . . . Lespri Senyè a ye, gen libète.

Nou tout, ak figi nou dekouvri, ap gade glwa Senyè a tankou nan youn glas, nou transfòme nan menm imaj la, soti nan youn glwa rive nan youn lòt glwa, menm jan ak Lespri Senyè a.

Se poutèt sa, grasa ministè sa a nou genyen, dapre mizèrikòd li fè nou an, nou pa pèdi kouraj;

Nou rejte bagay ki fè wont epi ki fèt an sekrè, Nou pa mache nan rizib, ni nou pa defòme pawòl Bondye a;

Okontrè, lè nou pale verite a, nou kondane tèt nou devan Bondye devan tout konsyans moun.

Si levanjil nou an kache, li kache pou moun k ap peri yo:

21 Ke Seyè a ajoute benediksyon L nan lekti Pawòl Li!

22 Kounye a, sijè mwen maten an, mwen gen konfyans ke Bondye ap revele sa a. E a chak fwa, si noumenm ki pran kasèt yo pou tande yo, mwen espere e m gen konfyans ke—ke nou te gen yon konpreyansyon espirityèl de sa Bondye t ap eseye transmèt Legliz la san di l dirèkteman. Ou wè? Se yon bagay, gendelè, nou dwe di bagay yo on jan pou sa ka diminye nonb lan, on jan pou fè kèk moun al fè wout yo, kèk pou pati ale, epi kèk pou—pou—pou ap reflechi. Men sa te fèt eksprè. Sa dwe fèt konsa.

23 Alò li posib ke kèk pral di: “Ou vle di ke Bondye tap fè yon bagay konsa pa eksprè?” Li te fè l sètèn. L ap fè l ankò.

24 Li te di yon fwa, alòske te gen dè milye de moun toutotou Li, Li te di: “Si nou pa manje Chè Pitit Bondye a, oswa Fis de lòm lan, e si nou pa bwè San Li, nou p ap gen Lavi nan nou.”

25 Ki jan de deklarasyon nou panse ke yon doktè oswa yon enfimyè, oswa nenpòt moun entelektyèl t ap panse de yon deklarasyon konsa, pou yon Nonm ki te gen yon ministè tankou L? Enben, li t ap di: “Manje chè? Sa se kanibal! Bwè san moun? Se yon vanpi! Nan lòt mo, Li vle pou nou vin kanibal ak vanpi.” E tout oditwa a nèt te elwaye yo de Li.

26 Te gen yon gwoup minis asosye avè L, swasanndis moun, ki te chwazi. Li vire tounen nan direksyon yo, e L te di: “Kisa n ap panse lè nou va wè Fis de lòm lan ap monte kote L te soti a?” Bon, Li pa t eksplike sa. Li pa t janm eksplike *kòman*; Pòl te fè sa pita. Li te jis di L. Ou wè? E alò lè sa a, Li te di: “Kisa n ap di,” a predikatè sa yo, “lè nou va wè Fis de lòm lan ap monte kote L te soti a?”

27 Pa gen dout ke mesye sa yo te di: “Bon, jis yon moman. O, nou manje avè L. Nou fè lapèch avè L. Nou dòmi avè L. Nou—nou konn ki kote L fèt. Nou te wè bèso kote yo te konn mete Li—Li. E kijan fè Nonm sa a. . . Pawòl sa a di.”

28 Epi Bib la di: “Yo pa t mache avè L ankò.” Yo te kite L.

29 Apre sa Li te rete douz. Li te chwazi douz, e youn nan yo te yon demon, se sa L di. Kifè Li te vire tounen kote yo.

E pa gen moun ki te ka eksplike sa L te fèk sot di a. “Kijan yo ta pral manje Chè L epi bwè San L lan? E kijan L te desann, alòske L te fèt drèt la sou tè a?” Ou wè? Yo pa t ka konprann Sa.

E apres sa Li te vire tounen bò kot apot yo, epi Li di: “Èske nou vle ale tou?”

30 E se lè sa Apot Pyè te fè gwo deklarasyon sa a: “Seyè, kimoun pou n al jwenn?” Ou wè? “Paske nou satisfè. Nou sètèn ke Ou, e

Oumenm sèl, gen Pawòl Lavi pou tan sa a.” Ou wè? “E nou satisfè de sa.” Ou wè, yo pa t ka eksplike L. Yo . . .

Ou pa ka eksplike lafwa. Se yon bagay ke w kwè, e sa tèlman solid ke pa gen anyen lòt ki ka pran plas li.

Poutèt rezon sa, yo te konnen ke Pawòl ki te ekri pou aj sa a ke yo t ap viv ladann lan, laj Mesianik la, ke Li te koresponn egzakteman a sa. E kisa yo te ka fè, retounen nan legliz frèt, fòmèl sa yo ke yo te kite a? Te di: “Kimoun pou n al jwenn?” Ou wè? “Nou konvenki nèt ke Ou gen Pawòl Lavi a.” Ou wè? E yo—yo pa t ka eksplike L, men yo te kwè L. Ou wè?

³¹ E Jezi te di sa pou diminye foul Li a, ou wè, jiskaske L te ka reyini gwoup la ansanm. E pami tout moun sa yo, yomenm, sèlman onz nan yo te konprann Kiyès Li te ye vrèman. Yo te konnen ke L te Bondye, e Bondye sèl. Kounye a, . . .

³² Sijè mwen maten an se pou revele, oswa, devwale Bondye sa a.

³³ Bondye te toujou, nan chak aj, kache dèyè yon vwal, nan tout aj yo, men Li te toujou Bondye. Ou wè? Men Li kenbe Tèt li kache pou mond lan, e Li revele Tèt li pou Eli pa L yo, tankou apot yo nan epòk sa a. Kounye a, se te Bondye ki t ap pale nan Kris.

³⁴ Bon, lòm te toujou, se nati lòm, li te chache wè (fizikman) Bondye sa a. Li te toujou vle wè Sa. Lòm te fè kreyati ki sanble L. Yo panse a . . . Endyen yo te konn adore solèy la. E—e nou jwenn, an Afrik, diferan fòm bèt, e latriye. Epi anwo a . . . poto totèm yo an Alaska, ak—ak diferan fòm ke yo panse Bondye sa ta prezante ladann. Tankou Pòl te deklare la nan lavil Atèn lè sa, sou kolin Mas la, te di yo ke yo te sipèstisyè konsènan Bondye enkonni sa a, ke, yo te konnen Li te la men poutan yo pa t konnen L.

³⁵ E kifè nou jwenn menm lè nou remonte jiska Jòb. Jòb te konnen ke te gen yon Bondye. Li te konn sa. E pa gen yon—yon—yon èt imen, ki byen nan tèt li, ki pa konnen ke dwe gen yon Bagay kèkpa. Epi, la, Jòb te vle pale avè L.

E mwen vle ke nou remake sou ki fòm Bondye te chwazi pou pale ak Jòb. Bondye te vwale lè L t ap pale ak Jòb. Li te vwale nan yon toubiyon, te desann nan yon toubiyon. Èske nou kwè ke Bondye kontinye vini nan yon toubiyon ka vini kote w wè?

³⁶ Gen anpil ki chita la a, yon kantite, ki te avèk nou lòt jou lè L te vini nan yon toubiyon. Te di nou la vèy, te gen Frè Banks Wood ak yomenm, lè L te di: “Ranmase wòch sa a, voye l anlè epi di: ‘ENSI DI SEYÈ A! Nou pral wè sa touswit.’” E m te ranmase wòch la, sou tèt mòn lan, m te lanse l anlè, e . . . natirèlman, pandan sa t ap desann, li te deklanche toubiyon an, ou wè, kouran dè antonwa a.

³⁷ Ou oblije fè yon kichòy pou lakòz yon lòt bagay swiv. Jezi te pran yon mòso pen epi te kase l, alò sa te militiplye apati de mòso pen sa a. Li te pran dlo, te vide l nan on kannari. Eli te pran sèl,

te mete l nan on krich; te koupe on baton, ke l te jete sou dlo a. Se yon bagay pouj reprezante yon senbòl.

Tankou ranmase wòch sa a pou lanse l anlè, epi ap desann pou deklanche toubiyon an.

³⁸ Nan demen, enben, te gen yon minis avèk nou pou on vwayaj lachas. Li te kanpe tou pre, e l te di m: “Èske Seyè a bay vizyon aleksteryè yon kote tankou sa, Frè Branham?”

³⁹ Mwen te reponn: “Wi, men abityèlman mwen vin isit la pou repoze m.” E jis nan moman sa a, vizyon an te vini.

⁴⁰ E Frè Borders, mwen kwè li aleksteryè bilding lan kounye a, li te la. Frè Banks Wood, mwen kwè, e, o, plizyè te anwo la, uit oswa dis. Epi Frè Banks Wood t ap obsève sa. Jis sou mòn lan, jis an fas, egzaktman, a anviwòn yon demi mil distans de plas kote sèt Zanj yo te parèt la, lè m te kite isit la, pou al lòt bò a, e ke m te tounen pou m te pale de . . . Sèt So yo. Jis a anviwon yon demi mil de la.

⁴¹ Epi apres a jou aprè a, pandan sa t ap pase, enben . . . Mwen te di frè a, frè sa a, mwen te di: “Ki pwoblèm ou, ou gen yon alèji nan je w. Doktè te eseye rete l pandan kèk lane e yo pa t ka fè l. Yo di ke ou pral . . . ke sa pral detwi je w.” E m te di: “Men pa enkyete w, Seyè Jezi a onore fwa ou.” E li te jis depoze fizi l la. Epi m te di: “Manman w,” se te ji egzaktman kimoun li te ye e kisa ki te pwoblèm li.

E l te di: “Sa se laverite.”

⁴² Frè Roy Roberson ki sot nan legliz isi a, te prezan, m kwè nou tout konnen l. M konnen ke l te on veteran, e m te konnen kisa ki ta pral rive, mwen mete men m sou zepòl li; m te di: “Frè Roberson, fè atansyon, obsève, gen yon bagay ki sou pwen rive.”

⁴³ Mwen retounen kote m te sipoze kanpe a, epi on toubiyon te vin soti nan lè a, t ap desann atravè yon kanyon, soti anlè, ki te tèlman gwo ke l te dechèpiye wòch yo, a on pwofondè de uit ou dis pous, sou tèt mòn lan, pou lanse yo desan yad pi lwen. E sa te tape twa fwa konsa, epi yon Vwa te soti ladann. Ou wè?

⁴⁴ E yo tout te kanpe la a. Frè Banks, ki la a kounye a, te vini pou di: “Se sa ou t ap di m yè a?”

Mwen te di: “Wi, mesye, se sa.”

Li te di: “Men, kisa L di?”

⁴⁵ Mwen te reponn: “Se jis mwen ki dwe konnen l, Frè Banks, ou wè, paske se te . . . moun yo t ap panike.”

⁴⁶ Men Li te kontinye, sa te rive jis tou piti . . . ap deplase nan direksyon nò. Yon tikras kèk jou pi ta, Sa te frape lanmè a, e nou te wè sa k te rive nan viwon Fairbanks. Se te yon siy jijman. Kounye a nou wè ke—ke Bondye toujou . . . Ou wè, moun yo t ap pran panik. Alò kifè, yo te dwe . . . sa te dwe rive, ou wè. Sa jis

te dwe rive. Bagay ki dwe rive dwe rive, de tout fason. Ou wè, sa pral rive, kanmenm.

47 On lè, Moyiz te vle wè Bondye, e Bondye te di l pou l kanpe sou wòch la. E, sou wòch la, Moyiz te kanpe la e li te wè Bondye ap pase, e do L te sanble do on moun. Bondye te nan on toubiyon, e Bondye . . . pandan Moyiz te kanpe sou wòch la.

48 M sipoze ke nou tout te wè foto lòt jou a, nou te kanpe tou pre menm wòch sa a. E men Limyè a, Anj Seyè a, jis la a kote Sa te tape a. Te kanpe . . . Li drèt sou tablo afich la kounye a, ankò.

49 Remake, Jewova Ansyen Testaman an se Jezi Nouvo Testaman an. Ou wè? Li se menm Bondye a, Li jis chanje fòm.

50 Kounye a, yon moun te di lòt jou, yon—yon—yon minis Batis ki sot Tucson, “Kijan w ka fè di ke—ke Jezi ak Bondye dwe menm Moun lan?”

51 Mwen te reponn : “Ebyen, se trè fasil si w abandone pwòp panse w, pou w panse nan fason Bib la. Yo se menm Èt la. Bondye se Yon Espri; Jezi se kò a kote L te vwale a. Ou wè?” Mwen te di: “Tankou lakay mwen. Pou madanm mwen, mwen se mari l. E mwen gen yon jèn fi, Rebeka, mwen se papa l. E mwen gen yon pitit pitit gason, e non l se Pòl, m se granpapa l. Mwen mari, papa e granpapa. E madanm mwen pa gen okenn dwa sou mwen antanke papa ou granpapa; li gen dwa sou mwen antanke mari. E pitit fi m lan pa gen dwa sou mwen antanke mari ou granpapa; li se pitit mwen. Ou wè? Men poutan toulètwa moun sa yo se menm moun lan. Ou wè? Se Bondye; Pè, Fis, e Sentespri, se jis pakèt dwa yo parapò a dispansasyon an.” Bondye se menm lan, menm Bondye a.

52 Bondye te chanje tèt Li, te chanje fòm Li. Si nou remake la a nan Filipyen, Li di: “Pa t panse vòlè sa, men te pran *fòm* yon moun.”

53 Kounye a, mo Grèk la pou *fòm* sa a, m te byen gade l tout jounen yè a, ap eseye jwenn kisa l te ye, m jwenn, li vini avèk mo sa a *en morphe*. Li eple e-n m-o-r-p-h-e. Rechèch nan lang Grèk la, te bay sa *en morphe* a te ye. . . M ka petèt pwononse l mal, men se rezon kifè mwen eple l, se pou si nou kite kasèt la sot, moun yo ap konnen, entelektyèl yo ap konnen kisa mwen—mwen vle di. Limenm, lè se *en morphe* a, sa vle di Li te chanje tèt Li. Limenm, Li te desann. Bon, mo Grèk la la a vle di, sa: “On bagay ke nou pa ka wè, men ki la a, e apres a te chanje e je pa ka sezi l.” Ou wè?

54 Menm jan pou Eli, nan lavil Dotan. Ou wè, sèvitè a—a pa t ka wè tout Zanj sa yo ki te antoure l la, e Bondye te jis chanje; pa ke Zanj yo te desann, men Li te chanje rega sèvitè a. E men mòn yo ki te ranpli ak Zanj, ak dife, ak chwal dife, ak charyo dife, toutotou pwofèt Li. Ou wè, yo, Li te chanje rega a. Bagay la te deja la.

55 Alò, se sa m ap eseye di, ke Bondye ki te toujou egziste li isit la. Sèl bagay Li te fè, lè L te vin yon moun, Li te chanje mask li. Ou wè? Li—Li, *en morphe* sa a, Limenm—Limenm ki te chanje tèt Li de sa L te ye a sa L ye, oswa te chanje mask Li, yon lòt ak.

56 Tankou nan yon gwo pyès teyat. Jan m t ap pale maten an, on jan ap eseye ratrape sou zafè Shakespeare sa. Sa fè lontan. Men lè Shakespeare te ekri pyès teyat la—la—la, pou . . . Wa Jak an Angletè, lè li . . . pèsonaj Macbeth la. Ou wè, Shakespeare pa t kwè nan sòsyè; men nan pyès la, poutèt wa a te kwè nan sòsyè, li te oblije mete sòsyè. Ou wè? Epi bon, pou l te ka fè sa, yo te modifye senaryo a.

57 Becky isit la, nan *Carmen*, yo te jwe sa nan—nan lekòl la kote manzè te fèk diplome kèk semèn de sa. Kounye a, petèt on moun te ka jwe twa ou kat wòl. Pou l te fè sa, li—li te chanje mask li. Gendelè li soti, li se *tèl* pèsonaj; e pwochen fwa a l parèt, li se yon lòt pèsonaj. Men se menm moun lan tout tan.

58 E sa se Bondye. Li te chanje tèt Li de—de yon Kolòn Dife, pou vin yon Moun. Apresa te chanje tèt Li de sa, pou retounen Espri ankò, pou L te ka abite nan lòm. Bondye k ap ajì nan lòm nan sa L te ye reyèlman. Jezikri, te Bondye ki t ap ajì nan Lòm, nan *yon* Moun. Nan yon Moun, se sa L te ye. Li te pase de Kolòn Dife a, epi apresya te antre; nan sa ki te yon vwal nan dezè a, ki te kache Bondye pou Izrayèl. Moyiz te wè fòm kò L, men an reyalyte Li te kache tout tan dèyè Kolòn Dife sa a, ki te Logos la ki te soti nan Bondye.

59 Kounye a nou jwenn la, bon depi Lapannkòt, Bondye pap ajì nan lòm, oswa ajì. . . men L ap ajì *atravè* lòm. Ou wè? Li te ajì nan yon Moun lè sa, Jezi. Kounye a, L ap ajì *atravè* lòm ke L te chwazi pou bi sa a. Bondye, sou fòm lòm, Li te chanje tèt Li pase de fòm on—on. . . Bondye, a fòm lòm.

60 Li te vini sou twa non, twa non fis. Li te vini sou Fis. . . non Fis de—de lòm, Fis de David, e Fis de Dye; twa non fis.

61 Kounye a, Li vin an premye nan Fis de Da. . . Fis de lòm, paske Li te on Pwofèt. Bon, Jewova Limenm te rele Ezekyèl ak pwofèt yo, “Fis de lòm, kisa w wè?” Jezi pa janm refere a pwòp tèt Li antanke Fis de Dye; Li refere a pwòp tèt Li antanke Fis de lòm, paske Ekriti yo—yo pa ka brize.

Anyen pa ka brize nan Lèzekriti. Chak Pawòl dwe sa l ye a. Se konsa m kwè l. Se konsa pou L dwe ye, pa paske mwen kwè l, men paske se Pawòl Bondye a.

62 Kounye a si nou remake nan kòmansman an, yon sèl Mo, premye paj nan Bib la, nan Jenèz 1, nou jwenn ke tout nèt. . . Tout maladi, tout tristès, tout kè sote, ak tout bagay ki te janm rive èt imen yo, te rive paske *on* moun pa t kwè *on* Pawòl, se sa ki te lakòz tou sa. Sa se nan kòmansman Bib la. Nan fen Bib la, Apokalips 22, menm Bondye a di: “Si on moun wete on sèl Pawòl

nan Sa, oubyen ajoute on mo nan Li.” Ou wè, sa dwe Pawòl ak Pawòl, jis jan L ye a.

⁶³ Kifè, poutèt sa, jis pran ti bagay ke m ap . . . on moun ap toujou fè remak sou mwen konsènan fanm yo k ap koupe cheve yo. Bon, pou tèt pa m, osi lontan l ap fè sa, m pa bezwen konn kijan li sen e kantite sa l konnen, li kanmenm gen tò. Si l ap mete bout pantalon epi jan de rad konsa yo; m pa bezwen konn sa l ap fè, kijan l ka chante, kijan manzè ka byen preche, kèlkeswa sa l ka fè a, ki kalite vi l ap viv, se toujou grenn Pawòl sa a ki brize a. Ou wè? Ou wè, sa dwe chak Pawòl. Pa on fraz; yon Pawòl, yon sèl Pawòl! Kifè, Bib la pa yon entèpretasyon pèsònèl. Li dwe Pawòl sou Pawòl, jan L ekri a. Nou dwe kwè Sa.

⁶⁴ E non sèlman kwè l, men viv Li. Si nou pa viv Li, alò nou pa kwè L; nou jis di nou kwè. Tankou mwenmenm . . . K ap refere a sa m te di, disip yo pa t ka eksplike L, men yo te kwè Sa, kanmenm, epi yo te fè konfèsyon yo epi yo te viv pou sa. Lè tout rès lòt yo te elwaye yo de Sa, yo te rete avè L! Yo te kwè L! Se fason sa a ke nou fè. Se fason sa ou dwe fè l. Pe enpòt sa nenpòt lòt moun fè, nou kwè L e konsa nou poze aksyon sou Li. Si w pa fè l, ebyen, ou pa kwè L.

⁶⁵ Bon remake la alòske L t ap vini, Li te oblije vini antanke Fis de lòm, poutèt Ekriti Sen an te di ke L t ap fè l: “Bondye t ap sisite yon pwofèt pou yo.” Kifè Li pa t ka vini ap rele tèt Li Fis de Dye, paske se pa t dispansasyon sa a. Li te Fis de lòm ki t ap pwofetize a, pou akonpli, e ki t ap revele yo tout bagay ki te fèt yo, pou tipifye sa L te ye. Apre sa Li te sou tè a antanke Fis de Lòm.

⁶⁶ Gade fanm Siwofenisye sa a ki te kouri al kote L, pou di: “Fis de David, gen pitye pou mwen!” Li pa t janm menm leve tèt Li. Li pa t gen okenn dwa sou Li antanke Fis de David la. Li te yon moun lòt Nasyon.

Pitit fi m nan non plis pa gen dwa sou mwen antanke mari; oswa, madanm mwen, antanke pitit fi. Poutan, li se pitit fi m ak madanm mwen, li se pitit fi m nan Levanjil la. Men, sou tè a, manzè pa gen okenn dwa pou rele m papa li—li. Ou wè?

Bon, remake, fanm moun lòt Nasyon sa a pa t gen okenn dwa sou Li antanke Fis de David. Men, avèg Bartime te genyen l, ou wè, li te yon Jwif. Bon, Li te vini antanke Fis de Lòm.

⁶⁷ Ou dwe konn ekspresyon sa yo ak bagay sa yo. Konsidere Hattie Wright fwa sa a, lè Twazyèm Pou l la. Ou sonje sa. Pami tout bagay sa yo, fanm sa te di sa k te kòrèk la. Ou dwe di pawòl kòrèk sa a, bagay ki kòrèk la pou Bondye.

⁶⁸ Remake la, Li te vini an premye kòm Pwofèt la, e yo te krisifye L. Pwòp moun pa L yo te krisifye L. Li te vini antanke Fis lòm.

69 Apresa Sentespri a te vini, Li te Fis de Dye a lè sa a. Bondye se yon Espri. Li te Sentespri a, Fis de Dye. Li te viv atravè aj legliz yo antanke Fis de Dye.

70 Kounye a, nan Milenyòm lan, L ap Fis de David, k ap chita sou Twòn Papa L, David. Li se Fis de David la.

71 Bon, epi, sonje, ant Fis de Dye a . . . Nan laj legliz Lawodise a, yo te mete L deyò. E nan Lik, Li te di ke L t ap revele ankò antanke Fis de lòm, Pwofèt la, ap akonpli sa k rete a. Ou wè? Lèzekriti lye pafètman ansanm. Fis de Lòm, Fis de Dye, Fis de David. Kisa sa te ye? Se te menm Bondye a tout tan, ki te jis chanje fòm Li, *en morphe*. Li jis chanje sa. Se yon pyès teyay ekstraòdinè pou Li. L ap jwe wòl la.

72 Li te vini antanke Fis de Lòm, Pwofèt la. Sa te rive egzakteman. Menm ti fanm sa a nan tout peche li, la a bò pwi a, manzè te rekonèt Li. Li te di, “Nou konnen Mesi a ap vini, ke yo rele Kris la, se sa L ap fè.” Ou wè, li te rekonèt sa paske l te yon Semans predestine. Alò li . . .

Ki kote, rès yo pa t rekonèt Sa. Yo pa t gen anyen pou te pèmèt yo rekonèt sa. Yo te nan peche, pou kòmanse.

73 Paske, poutèt wòl Li yo, Li chanje fòm Li. Epi Li te pran fòm Fis de lòm nan.

Pou aj refòmasyon, Wesley, Luther, ap desann ale nèt, apresa nou jwenn ke yo te tèlman konfonn tout bagay, jis menm jan Izrayelit yo te fè a, jiskaske lè L parèt nan dènye jou yo, nan aj Pannkotis la, antanke Sentespri a, yo te rejte L. Yo te fè menm bagay Izrayèl te fè a.

E kisa L fè kounye a? Retounen antanke Fis de lòm. Epitou, apati de sa, Fis de David. Ou wè kijan nou pwòch? Fis de lòm, Fis de David, Fis de Dye. Li revele nan dènye jou yo antanke Fis de Lòm, dapre Malachi 4, dapre tout rès pwofesi yo ki gen rapò ak tan sa a. Pa gen afè trete ak legliz ankò apre Li . . . Yo te mete L deyò; sou deyò, L ap frape pòt la. Gen kèk Semans predestine anndan la a, ankò. Li dwe rive jwenn yo.

74 Epi Bondye, nan lòm, te devèse pwòp tèt Li. Jowèl 2:28, nou jwenn, Li di, “M ap devèse, nan dènye jou yo, Lespri mwen.” Kounye a, si w remake mo a la, mo Grèk la. Mwen ka di sa a mal, men sèl sa m te ka jwenn . . .

75 Ou dwe fè atansyon ak mo yo. Angle a pafwa vle gen yon doub siyifikasyon. Jis tankou mo nou rele, “bondye a.” “Bondye kreye syèl ak tè a,” Jenèz 1. Men la, nan Bib la, Sa di, “Nan kòmansman Elohim.” Bon, Elohim, Angle a rele l “bondye,” men se pa t sa reyèlman . . . *Elohim* . . . Nenpòt bagay ka vin yon dye, pou mo *dye* a, ou ka fè yon idòl vin yon dye, ou ka fè pyano sa vin yon dye, ou ka fè de nenpòt bagay vin yon dye.

76 Men se pa konsa pou mo *Elohim* lan. Sa vle di, “Sila ki egziste pa Limenm nan.” Ou wè? Pyano sa pa ka egziste pa limenm,

anyen lòt pa ka egziste pa limenm. Kidonk, mo *Elohim* lan vle di, “Sila ki te toujou egziste.” *Bondye* ka vle di tout bagay. Ou wè diferans lan nan mo a?

⁷⁷ Kounye a, lè Sa te di la ke L te *vide* tèt Li, oswa *devèse*, bon, nou ta panse l tankou sa a, ke L te “vomi,” mo angle a *vide*, oswa *devèse* soti nan Li, ou wè, yon bagay te soti nan Li ki te diferan de Li. Men mo *kenosis* la, nan lang Grèk, pa vle di ke Li te “vomi,” oswa kèk . . . Bra l t ap pati, oswa je L t ap pati, yon lòt moun.

⁷⁸ Sa vle di, Li te transfòme tèt Li, Li te “vide tèt Li nan,” (Amèn!), nan yon lòt mask, nan yon lòt fòm. Se pa t yon lòt moun ki te soti nan Li, ki rele Sentespri a, men Se te Limenm. Ou sezi sa? Limenm Menm te devèse Tèt Li nan moun yo. “Kris nan ou!” Ala bèl, ala mèveye, pou ap panse, Bondye k ap devèse Tèt Li nan èt imen an, nan kwayan an. “Devèse!” Se te yon pati nan piès teyat Li a, pou fè sa.

Bondye, tout plenitid la, tout Divinite kòporèl la te nan Moun sa a, Jezikri. Li te Bondye, e Bondye sèlman. Pa yon twazyèm pèsòn oswa yon dezyèm pèsòn, oswa yon premye pèsòn; men Pèsòn *nan* menm, Bondye vwale nan chè imen.

⁷⁹ Premye Timote 3:16: “San opozisyon mistè sentete a gran; paske D-y-e, Elohim,” lèt majiskil D-y-e, nan Bib la. Verifye l, nenpòt moun lan. Li refere a orijinal la, Ki te di, “Elohim.” “Nan kòmansman, Elohim.” Ou wè? “Epi Elohim, san opozisyon mistè Elohim lan gran; paske Elohim te vin lachè, epi nou te manyen L.” Elohim, vwale nan chè imen! Gran Jewova ki te kouvri tout espas, tan, epi tout kote, te vin moun. Nou te manyen L, Elohim. “Nan kòmansman, Elohim. Epi Elohim te vin lachè, te demere pami nou.”

⁸⁰ kisa? Sa a se fason pa L, pati pyès teyat la. Sa a se fason pou L jwe wòl la, fason pa L pou revele tèt Li a noumenm antanke yon pèsòn diferan. Nou mòtèl, e Li konn sa. Epi nou sèlman konprann antanke mòtèl. Nou sèlman konnen antanke mòtèl. Nou sèlman konnen selon sa sans nou yo ap fè nou konnen, e rès la nou dwe kwè l pa lafwa. Nou dwe di Bondye egziste; ke nou wè L, ou pa, nou kwè sa, kanmenm. Ou wè? Ke sa egziste ou pa, nou toujou kwè l paske Bondye te di L.

⁸¹ Menm jan Abraham, pa t ka wè pitit gason sa a, okenn siy, okenn gwoès ak—ak Sara, pa menm okenn peryòd mantriyasyon ou kwakseswa, men poutan Bondye te di l. Tout espwa, menm matris li—li te fini, epi lavi nan misye limenm te pati ale, epi—epi kouran lavi l te fin seche nèt, e lavi manzè—manzè limenm te seche nèt anndan li. “E poutan li pa t devye de pwomès Bondye a akòz enkredilite, men l te rete djanm, ap bay glwa, konsyan ke Bondye te ka fè tout sa Li te di ke L t ap fè.”

Men fason nou dwe kwè Pawòl sa jodi a. Kijan sa pral fè fèt? M pa konnen. Bondye di sa ap fèt fason sa a, e se fin eksplike.

⁸² Kimoun gran pèsonaj invizib sa a ye? Kiyès Sila sa ke Abraham te wè nan vizyon l yo? Se jis alafen nèt, kwake, Li te manifeste nan lachè, anvan pitit gason an te vini. Bondye Limenm te vin jwenn Abraham sou fòm yon nonm, nan tan lafen an. Te manifeste! Li te wè L nan yon ti limyè yon fwa; li te wè L nan vizyon; li te tandè Vwa L; nan anpil revelasyon. Men, jis anvan pitit gason ki te pwomèt la, li te wè L sou fòm yon nonm, e l te pale avè L, epi te ba L manje vyann ak ba L bwè. Ou wè? Remake, Bondye Limenm vwale nan lachè.

⁸³ Sa se yon pati nan fason pa L. Se fason sa a Li manifeste Tèt Li pou nou, ap manifeste Pawòl Etènèl la, Bondye, Jewova ki vin lachè. Tankou nan Jan 1, “Nan kòmansman an te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e . . . Nan konmansman an Elohim te la, e Elohim te . . . te vin Pawòl la, e Pawòl la te Elohim. E Pawòl la te vin Elohim.” Ou wè? Se menm bagay la, ki jis ap dewoule.

⁸⁴ Tankou atribi a, ou wè, li nan Bondye. Yon atribi se panse w. Bondye nan kòmansman an, Etènèl la, Li pa t menm Bondye. Li te Letènèl. Li pa t menm Bondye; *Bondye* se “yon objè pou adorasyon,” oswa yon bagay konsa. Ou wè? Kifè Li pa t menm sa. Li te Elohim, ki se Letènèl. Men nan Li te gen dè panse. Li te vle vin materyalize. E kisa L te fè? Enben Li te pwononse yon Pawòl, e Pawòl la te materyalize. Se tablo a annantye, soti nan Jenèz rive nan Apokalips. Se pa anyen ki mal. Se Elohim k ap materyalize konsa yo ka manyen L, gen sansasyon. Epi nan Milenyòm lan, men Elohim k ap chita sou Twòn lan, ou wè, se vre, ak tout sèvitè L yo toutotou L, sa Li te predestine anvan fondasyon mond lan.

⁸⁵ Tankou yon nonm k ap konstwi kloche oswa k ap fè kloche, mèt moul lan. Chak klòch dwe sonnen diferan youn de lòt. Menm materyèl, men tan kantite fè, tan kantite asye, tan kantite kwiv, fè l bay yon “ting”.

⁸⁶ Se konsa Bondye te fè l. Li te kwaze sesi avèk sela, ak sesi ak sela, ak sesi ak sela, jiskaske L te jwenn egzakteman sa L te vle a. Se jan sa Li t ap kontinye. Bondye te devwale tèt Li nan yon Kolòn Dife anba a atravè pwofèt yo, apresan nan Fis de Dye a, ki, Limenm te Bondye. Ou wè, se menm Bondye a k ap mete an valè egzakteman, de pèfeksyon an pèfeksyon, de glwa an glwa. Se fason sa Legliz ap mache.

⁸⁷ Remake atravè aj yo, menm jan an tou, pa pwofèt Li yo, Li te revele tèt Li. Yomenm yo pa t jis pwofèt, yo te dè dye. Li te di l. Paske, sa yo te pwononse a se te Pawòl Bondye. Yo te chèche Bondye te vwale ladann nan. Yo te dè dye. Jezi te di, Li menm, te di, “Kijan w ka fè kondane M lè M di ke M se Fis de Dye, epi pwòp lwa w la di ke sa yomenm ke Pawòl Seyè a te vin jwenn se te dè dye?” Ou wè?

⁸⁸ Kifè se te Bondye ki te fòme nan yon nonm yo rele yon pwofèt. Ou wè? Epi Pawòl Seyè a te vin a nonm sa a, kifè se pa t pwofèt la; pwofèt la te vwal la, men Pawòl la te Bondye. Pawòl nonm lan

pa tap aji konsa. Ou wè sa m vle di a? Sa pa ka aji fason sa. Men, potansyelman se te Bondye. Ou wè, Li te Pawòl Bondye nan fòm yon nonm, ke yo rele “yon nonm.”

Remake, Li pa t janm chanje nati Li, sèlman fòm Li. Ebre 13:8, di: “Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.” Kifè Li pa t chanje nati Li lè L te vini. Li se toujou Pwofèt sa a, ap desann atravè aj yo, menm bagay la: Pawòl la, Pawòl la, Pawòl la, Pawòl la. Ou wè? Li pa ka chanje nati Li, men Li te chanje fòm Li. Ebre 13:8, di: “Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.” Li te jis chanje mask Li.

⁸⁹ Tankou m te chanje de mari, lè pitit mwen an fèt, alò m te vin papa. Lè pitit pitit mwen an fèt, mwen granpapa. Ou wè? Men, mwen pa chanje; se toujou—toujou mwen. Ou wè? (Epi sa a se Bondye.) Sè ke m te jis chanje. . . Ou wè, sa jis chanje fòm ou. Ou wè?

Remake. Epi nati a fè chanjman an de yon jenn gason a yon nonm aj mwayen, a yon vye granmoun. Epi men ni, ou wè, ou jis chanje fòm ou.

⁹⁰ Bon, ou pa ka di yon ti kanmarad ki kanpe la, ki gen sèzan, di ke l te granpapa. Li pa ka sa. Fòm li dwe chanje. Kèk lane ap chanje sa, lè sa l ap vin granpè. Ou wè sa m vle di a?

⁹¹ Men se menm Moun lan tout tan, menm Moun lan, Bondye tout tan. Nan fason sa a L ap revele tèt Li bay pèp Li, lè L fè sa. Remake, atravè aj Kolòn Dife a, Li te revele Tèt Li bay pèp Li. Nan aj Jezi a—a, Li te revele Tèt Li bay pèp Li. Nan aj Sentespri a, antan ke Fis de Dye. Fis de David. . . Li toujou revele tèt Li nan fason sa a bay pèp Li, pou l fè moun yo konnen L. Li vwale dèyè kichòy, remake, nan menm fason an, oswa menm nati a, a chak fwa.

⁹² Bondye te vwale nan Jezi, pou fè zèv redanmsyon an sou kwa a. Bondye pa t ka mouri, antanke Espri. Li Etènèl. Men Li te dwe mete yon mask pou jwe pati ak lanmò a. Li te mouri toutbon, men Li pa t ka fè l sou fòm Bondye Li. Li te dwe fè l sou fòm Pitit gason an, antanke Fis de lòm, sou tè a. Ou wè? Li te dwe pran fòm Pitit gason an. Alò lè Li te retounen jou Pannkot la, Li te Fis de Dye ankò. Ou wè sa m vle di a? Ou sezi lide a? Li te. . .

⁹³ Li te oblije antre nan chè imen pou. . . ak pèsonn, okenn dezi seksyèl. Paske sa pwouve ankò deklarasyon nou sou semans sèpan an, ou wè, “seksyèl,” sèks absoliman. Se pa t pòm; sèks! Se vre. Sa te oblije. Remake la a, gade, pou nenpòt bon moun. . . Gade pwofèt sa yo nan tan sa, men Li te dwe plis pase yon pwofèt. Ou wè? Pou l te ka fè sa, Li te dwe fèt atravè yon vyèj, pou montre ke nesans atravè vyèj la te pwouve. . . Li te dwe ne de yon vyèj, pou retire malediksyon an, Antidòt la. Ou wè sa m vle di? Kidonk, sa te dwe sèks. Li te pwouve l nan pwòp vini L lan; Li pa vini pa yon dezi seksyèl, men atravè nesans pa yon vyèj. E Li te chanje

mask Li de Jewova a Jezi, pou l te transfòmè zèv redanmsyon an nan pyès teyat Li t ap jwe a, nan Bondye sou kwa a.

94 Grèk yo te vle wè L. Nan Jan 12:20, anpil nan nou te tandem ap preche sou dizon sa a, “Mesye, nou ta remen wè Jezi.” Eske w te remake sa?

95 Bon, Grèk yo te dè save, yo te de grantòm. Epi yo te gen yon—yo te gen yon—yon enpresyon ekstraòdinè de Bondye, jan Pòl te preche yo sou ti kolin Mas la. Epi yo te, yo—yo te dirije—yo te dirije mond lan nan lasyans ak—ak edikasyon, yo te dè moun ekstròdinè. Men, yo te konn adore epi kwè nan mitoloji ak bagay konsa, liv sou zèv atis ak atizay etranj, e latriye.

96 Men, yo—yo—yomenm te boulvèsè konsènan Nonm sa a ki te ka geri malad yo e ki te ka predi bagay ki te rive, ak prezizyon. Yo te twouble, kifè yo t al wè L. Kounye a, obsève byen la, pa rate sa. Ou wè? E yo te vini epi yo te di Filip, ki te moun Betsayda: “Mesye, nou ta renmen wè Jezi.” E Filip ak yon lòt disp te mennen yo kot Jezi, pou wè Jezi.

97 Bon remake pwòp pawòl Jezi ki te rapòte ba yo, paske yo te vin wè Kimoun Li te ye, e yo pa t ka wè L. Yo te wè fòm lan, men Li te nan tanp Li. Bondye te nan tanp Li, vwale nan kò imen. Remake pawòl Li te di yo, “Amwens ke grenn ble a ki tonbe nan tè a, ou wè, epi mouri, li ret pou kont li.” Ou wè? “Lè a rive, e se pral byento pou Fis de lòm lan glorifye, ou wè, epi Li dwe kite tè sa a. E amwenske lè sa a rive, ou p ap janm ka wè Sa.” Ou wè?

98 Men ni, poukisa yo pa t ka wè Jezi? Li te maske. Bondye te maske. Grèk yo te vle yon Bondye, e men Li ki te la a, men yo pa t ka wè L akòz de vwal la. E se menm bagay la jodi a, yo pa ka wè L poutèt vwal la. Sa sou figi yo. Grek sa yo te maske, ou pito Jezi te maske pou Grèk sa yo.

99 Remake, Li di yo: “Amwenske grenn ble sa a tonbe nan tè a, li ret pou kont li.”

100 Yo, yo pa t ka konprann kijan, poukisa yo pa t ka wè L. Men yon nonm kanpe la a. Yo te vin wè Bondye, e yo te wè yon nonm. Ou wè? Yo pa t ka wè Bondye paske Bondye te vwale pou yo. Kounye a gade sa nan panse w, Bondye te vwale nan yon nonm. Yo te ka di, “Okenn moun pa ka fè zèv sa yo eksepte Bondye. Pa gen moun ki ka fè l, e kòman yon nonm ki kanpe la a e poutan zèv Bondye yo manifeste atravè Li!” Ou wè, yo pa t ka konprann ke Bondye te vwale.

101 Li vwale nan yon nonm, tankou L te toujou vwale a. Men, Li te vwale pou yo, Li te nan tanp imen Li. Bondye te nan yon tanp imen. Bon, fè vrèman atansyon, kounye a Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Ou wè? Bondye vwale, ap kache tèt Li pou mond lan, vwale nan èt imen. Ou wè? Men Bondye ki te la! Grèk sa yo t ap di: “Nou ta renmen wè L.”

¹⁰² Epi Jezi te di: “Yon grenn ble dwe tonbe epi mouri.” Ou dwe mouri ak tout lide w yo. Ou dwe abandone pwòp panse w yo.

Tankou disip sa yo te fè, yo pa t ka eksplike zafè manje kò L ak—ak bwè san L, men, gade, yo te mouri ak bagay sa yo. Yo te mouri pou yon Prensip, yo te mouri pou Kris. Kèlkeswa sa l ye a, oswa konbyen defèt ke L te sanble pran, yo te toujou kwè Sa kanmenm. Ou wè? Yo te ka wè nan Nonm sa a; yon Nonm k ap manje, bwè, peche pwason, dòmi, ak tout lòt bagay, ki te fèt la sou tè a, epi te mache avèk yo, te pale avèk yo, te mete rad tankou rès lòt yo, men se te Bondye.

¹⁰³ Kifè, Grèk yo pa t ka wè L, poutèt Li te kache pou yo, nan yon èt imen. Remake Pawòl Li adrese yo, “Amwenske grenn ble sa a tonbe nan tè a.”

¹⁰⁴ Bondye te vwale sou fòm yon nonm, te kache tèt Li de rega yo. Yo te ka sèlman wè yon nonm. Men sa yo ki te Predestine te wè Bondye. Youn te wè yon nonm, lòt la te wè Bondye. Ou wè? Epi se te Bondye vwale nan yon èt imen, pou bay toulède rezon, men fwa w nan sa ke w pa wè. Ou kwè l, kanmenm. Bondye vwale nan yon èt imen. Li te nan kò sa a, e kò sa a te vwal Li. Vwal la te chire, ou wè, pou Bondye te ka manifeste.

¹⁰⁵ Nan Ansyen Testaman, Bondye te kache lè L te sou Twòn mizerikòd Li; sou Twòn mizerikòd Li, ak yon vwal. Nan Ansyen Testaman, Bondye te nan tanp Li. Men moun yo te konn antre pou adore konsa, men, sonje, te gen yon vwal (amèn) ki te kache Bondye. Yo te konnen ke Bondye te la. Yo pa t ka wè L. Kolòn Dife sa pa t janm parèt ankò la. Èske w te remake? Pa gen yon sèl fwa nan Lekriti, depi lè Kolòn Dife a te antre dèyè vwal sa, ke Li te janm montre ankò, jiskaske L te soti nan Jezikri. Bondye te vwale!

¹⁰⁶ Lè Li te kanpe sou tè a, Li te di: “Mwen sot nan Bondye e M ap tounen nan Bondye.”

¹⁰⁷ Lè sa a, Pòl, (apre lanmò, antèman, ak rezirèksyon Li), sou wout li pou al lavil Damas, men Kolòn Dife sa ankò. Kisa Sa te ye? Li te soti dèyè vwal la! Glwa pou Bondye!

¹⁰⁸ Li te dèyè vwal la. La Li te dèyè kisa? Vwal ki fèt ak po. Ou wè, “po bèt,” dèyè vwal la. E lè vwal sa te dechire jou krisifikasyon an, vwal ki te vlope L la te dechire jou krisifikasyon an, twòn mizèrikòd la annantye te vin vizib.

¹⁰⁹ Bon, jwif yo pa ka konprann kijan Bondye ta ka gen pitye pou yon pèp pechè, yon pèp fou tankou nou. Men yo pa t ka wè Sila Ki t ap bay mizerikòd la, poutèt Li te kache. Li te dèyè twòn mizèrikòd la, alanteryè, ak po bèt ki pandye desann, ki te kouvri L. Anvan . . .

¹¹⁰ Anvan, si yon moun te pase dèyè vwal sa a, se te lanmò sibat. Amèn. O, nou pral gen yon leson la a nan yon minit, gade, si w ka—si w ka resevwa L. Pase dèyè po sa yo . . . Menm youn

nan pitit gason prèt yo te eseye fè sa yon fwa, li te mouri. “Pa pase dèyè vwal sa.” Moun ki te pase dèyè . . . Poukisa? Pa t ko gen redanmsyon ankò, nan sa. Te genyen potansyèlman. Sa te jis potansyèl. E tout bagay ki *potansyèl* poko bagay reyèl la, ou wè, jis potansyèlman. Se te redanmsyon . . . Peche te kouvri, pa padone . . . te remèt, pito, pa remèt. *Remèt* se “divòse epi mete de kote.” Konsa san brebi ak kabrit pa t ka fè sa, kifè Jewova te kache dèyè yon vwal. Bon, pou tounen dèyè vwal sa a kote L te kache a, antre anndan sa, yon nonm t ap tonbe rèd mò, pou ap eseye antre anndan L.

¹¹¹ Men depi Pannkot, depi Krisifiksyon an, kote vwal sa a te dechire depi anwo jouk anba, pou jenerasyon sa a . . . Jezi te Bondye sa, vwale. E lè L te mouri sou Kalvè, Bondye te voye dife ak zèklè, pou dechire vwal sa depi anwo jouk anba, pou ke tout twòn mizèrikòd la nèt te parèt aklè. Men, yo te twò avèg pou wè L. Tankou Moyiz di la, malgretou, oswa . . . Pòl te di, lè y ap li Moyiz, “Lè y ap li Moyiz, ankò, vwal sa toujou sou kè yo.” O, frè, sè, se sa Jwif yo te fè lè vwal la te dechire pou te ekspoze Bondye byen aklè, pandye sou kwa a. Li te ekspoze byen aklè, men yo pa t ka wè L.

¹¹² Èske se ta posib ke Moun lòt Nasyon yo te fè menm bagay la? O Bondye! Lè yo te gen aj legliz yo, ak Fis de Dye a; men alòske kounye a ak vwal denominasyon yo ak bagay konsa, vwal tradisyon sa a ke nou genyen depi Lapannkot, kote tradisyon legliz te dechire, ak bagay moun yo t ap di, “Jou mirak yo pase, ak bagay sa yo,” epi Bondye te retire vwal la sou Li, pou ekspoze L byen aklè, e yo prè pou krisifye L ankò, jis egzaktman menm jan an.

¹¹³ Bondye ki devwale a, byen aklè, yo ta dwe wè L kanpe la a. Poutan Li te twò moun pèp, Li te yon nonm òdinè. Yo pa t ka wè L. Ou wè, men yon nonm ki te kanpe la. “Ebyen,” yo te di, “tip sa, nan ki lekòl Li te soti?” Men, sonje, lè javlo sa te frape kò L, Espri sa te kite L, nan tanp lan . . . blòk pou ofri sakrifis yo te vire lanvè, epi zèklè te desann nan tanp lan pou dechire vwal la. Kisa sa te ye? Men Bondye yo a ki te pandye sou Kalvè a, e yo te twò avèg pou wè sa.

¹¹⁴ Sa te ekspoze L byen aklè, e yo toujou pa t wè Sa! Yo avèg. Bondye, vwale nan yon èt imen!

¹¹⁵ Ou sonje, Li te retounen la al jwenn Pòl apre sa, epi Pyè nan prizon an, antanke Kolòn Dife a. Ou sonje sa?

¹¹⁶ Men nan dènye jou yo Li sipoze retounen ankò, men yon Kolòn Dife sipoze retounen ankò pou manifeste Fis de lòm lan, ou wè, pou montre Pawòl la, Limyè a. Tradisyon, ki te la yo, ap efase. Pa gen anyen ki ap deranje Sa; sa ap fèt, kanmenm. Bondye ap jis depatcha denominasyon ak tradisyon sa yo.

Kijan de Espri L ap fè avèk sa? Menm jan L te fè nan kòmansman an. Gade sa L te fè nan tan Eli, nan epòk Jan.

“Piga w ap di nan oumenm ke w ‘gen Abraham pou papa,’ paske Bondye kapab apati de wòch sa yo sisite pitit bay Abraham.” Ou wè? Piga w panse, “Poutèt, m fè pati de *sesi* epi m fè pati de *sela*.” Ou wè? Bondye ap dechire vwal la, ou wè, pou montre Kimoun Li ye. Ou wè, obsève vwal la lè l te dechire la kounye a, nou te wè l la.

¹¹⁷ Bon, te gen yon epòk, si yon nonm te mache depase vwal sa a, se te lanmò sibit. Kounye a, se lanmò si w pa depase L! Amèn. Si w pa ka brize vwal tradisyon sa, pase atravè miray denominasyon sa, pou wè Bondye nan pwisans Li, se lanmò. Yon fwa kote se te lanmò pou w antre, kounye a se lanmò pou w rete deyò. Tout Syèj Mizèrikòd la annantye ekspoze byen aklè, nenpòt moun ka wè L, vwal la dechire. Glwa pou Bondye! Tout Syèj Mizèrikòd la nèt ekspoze byen aklè.

¹¹⁸ Fason Bondye te ka gen pitye pou move pechè tankou nou, alòske Li t ap kache Tèt Li, se te yon mistè. Epi kounye a Sa ekspoze aklè, oswa dekouvri konplètman, te revele pa Pawòl Li. Se toujou Pawòl la, san rete, ki se Bondye. Se Pawòl la ki louvri l. Si moun sa yo te konn Pawòl Bondye a jou sa lè Jezi te mouri a, yo t ap wè Syèj Mizèrikòd la, yo t ap wè Kimoun Li te ye.

¹¹⁹ “Kimoun Sa te ye lè sa a? Poukisa vwal la te dechire?” Sonje, se te lanmò pou w te antre anndan L. Pèsonn pa t ka wè L. Moyiz te wè L sou yon fòm, Se te yon toubi. . . se te do yon—yon Nonm. Ebyen, men Li, yon do k ap senyen, menm Nonm sa a! Kisa Sa te ye? Bondye te vle montre yo Syèj Mizèrikòd la. Bondye te vle montre yo Kimoun Li te ye. Kifè vwal nan tanp lan, ke men Bondye, depi anwo, te dechire depi anwo jouk anba, pou ap ekspoze Bondye byen aklè. Se te Jezikri ki te pandye sou kwa a, Syèj Mizèrikòd la. E kisa l te ye? Moun yo te twò avèg pou yo te wè L.

¹²⁰ Kounye a sa repete ankò, tradisyon pa yo! Jan, lè sa, Jou Pannkot la, Pawòl la te vini epi manifeste sou fòm “Fis de Dye a.” E yo te kòmanse òganize l nan Nise, Wòm. Epi, premye bagay la, yo t al nan Metodis, Batis, Presbiteryen, Pannkotis, e latriye. Se te yon tradisyon òganize jouk yon moun pa t konn ki kote l kanpe.

Men, glwa pou Bondye, Li te pwomèt nan dènye jou yo sa L t ap fè. Li t ap ekspoze Pawòl Li byen aklè, louvri devan nou ankò, ou wè, louvri L gran.

¹²¹ Si yo te sèlman konn Pawòl la, yo t okouran Kimoun Jezi te ye. Si yon nonm te sèlman konnen Pawòl Bondye a, li t ap konnen tan n ap viv la ak sa k ap pase. Yo jis te refize koute Pawòl sa. Se tradisyon pa yo! Kisa k te lakòz Jwif sa yo wè sa? Kisa? Ta sanble ke yo te ka vrèman wè l, paske bagay la te gran louvri. Li te gran louvri pou yon bi.

¹²² Poukisa revèy sa ap dewoule la? Kijan l ka fè pwospere? Kijan l ka fè beni? M pa ka de kantite imitasyon li genyen, oswa

nenpòt lòt bagay la, sa pa . . . Lè Moyiz te soti, te gen yon foul moun melanje ki te ale avè l. Men poukisa sa te fèt? Se Jewova Limenm ki t ap retire vwal la sou Bondye, pou montre diferans ant byen e mal. Ki se, Metodis, Batis, Presbiteryen, oswa kilès ki gen rezon? Pawòl Bondye a gen rezon! “Ke pawòl chak moun ka yon manti, e Pa Mwen Verite a.” Bondye pa bezwen okenn entèprèt. Li fè Pwòp entèpretasyon pa L. Li manifeste L, epi ma- . . . sa bay entèpretasyon an. Bondye k ap revele Tèt Li. O, la la! Drèt nan mitan nou, nou wè gwo men Li ap temwaye bagay sa yo, ap fè bagay sa yo.

123 Gen yon bagay sou sa aswè a, ou wè, sou kijan pou w obsève men Bondye, sa L ap fè, jan L ap dewoule l pou pwòp tèt li. Ou wè?

124 Epi moun yo di: “O, Sa se istwa san sans. Sa se fanatik la. Pa gen anyen nan Sa. Sa se istwa san sans. Sa se Bèlzeboul. Sa se yon demon. Sa se divinò. Sa se *sesi*.” Ou wè, se menm bagay la yo te di sou Li.

125 O legliz, si kasèt sa a soti deyò, èske nou pa wè, minis Levanjil yo, ki kote n ap viv? Èske nou pa wè lè nou ladann lan? Bondye, k ap montre Tèt Li, k ap mete sou kote . . . Gade, Li te pran vwal tanp sa a epi Li te chire l an miyèt moso, pou yo te ka wè Bondye ekspozè aklè, e yo te twò avèg pou wè Sa. E Li fè menm bagay la jodi a, mete Pawòl Li dwat an avan, sa L te pwomèt la. Tout pwomès nan Pawòl la, etale drèt devan nou, byen vizib!

126 Nou konn kisa legliz moun lòt nasyon yo fè? Menm bagay ke legliz Jwif la te fè, twò avèg pou wè Sa. Se tou. Sa ap nan kè yo jis jan l te ye nan jou sa.

127 Remake, se lanmò, pou w rete lwen Sa kounye a. Ou dwe antre ladan L atravè vwal sa, osinon ou p ap antre. Kijan Bondye te ka fè gen pitay pou yo, men sonje sa sa te ye, ke Bondye ap manifeste sa ki te dèyè vwal sa. Obsève sa ki te dèyè vwal la, Pawòl la! Kisa l te vwale? Pawòl la! Kisa l te ye? Li te nan lach la. Se te Pawòl la ke vwal sa te kache. Ou wè? E Jezi te Pawòl sa, e Li se Pawòl sa, e vwal chè Li te kache L.

128 E jodi a vwal tradisyon an kache Pawòl la ankò, pou ap di: “Se pa sa.” Men Se sa! Bondye ap temwaye de Li, ap ekspozè avèk ekla Tèt Li osi klere ke solèy la, devan tout moun, e yo echwe pou wè L. Bondye, gen pitay pou nou.

129 An tip, Moyiz ki te soti nan Prezans Bondye ap vini, avèk Pawòl Bondye a pou aj sa. Bon ovsève, nou nan Egzòd 19 kounye a. Pa rate sa la. Egzòd 19, Moyiz k ap vini soti nan prezans Bondye, oswa vèsè 20 e 21, chapit 19:20 e 21. Moyiz soti nan Prezans Bondye. Li te nan Pawòl la. Pawòl la te ekri. E limenm, nan Prezans Bondye, avèk Pawòl la, li te gen Pawòl la pou aj sa. Gen yon Pawòl pou chak aj. Epi Moyiz t ap vini, figi l te tèlman klere! Ou wè? Pawòl la te nan li, prè pou ap manifeste, delivre bay moun yo.

¹³⁰ Vrè Pawòl la, Bondye te ekri L, e se te avèk Moyiz. Remake, Se te avèk Moyiz e l te prè pou ap manifeste. Li te Pawòl la pou yo, li te Pawòl vivan an, ki te kache. Te vwale tèt li, Moyiz te oblije mete yon vwal sou pwòp figi l. Poukisa? Li te Pawòl sa. Amèn. Toutotan Pawòl sa a pa t devwale, Moyiz te oblije vwale tèt li. Amèn!

Èske w sezi Sa? Pe enpòt kote Pawòl la ye, Li vwale.

¹³¹ Moyiz te gen Pawòl la. Kounye a sonje, apre Pawòl la te manifeste, Moyiz te retounen Moyiz ankò. Ou wè? Men pandan Pawòl sa a te nan li pou l te distribye, li te Bondye; ebyen, li pa t Moyiz ankò. Li te gen Pawòl Seyè a pou aj sa. Anyen pa t ka manyen l jiskaske sa te fini; li te gen Pawòl sa avè l. Kifè, poutèt sa, lè l te vini, moun yo te vire tèt yo tounen; yo pa t ka konprann. Yo te chanje. Li te yon kanmarad diferan. Li te vini ak Pawòl sa. “Epi li te mete yon vwal,” Bib la di, “sou figi l,” paske li te gen Pawòl la. E li te Pawòl la pou yo.

¹³² Kounye a gade, si Moyiz. . . O frè, sa a pral derespektan. Men si Moyiz. . . Jan Pòl te di la nan De Korentyen, chapit 3. Si Moyiz te vwale figi l ak jan de Glwa sa sou li. . . ou wè, paske se te glwa natirèl, se te yon lwa natirèl. E si Moyiz, byen konsyan ke lwa sa te dwe peri, men Glwa a te tèlman ekstraòdinè ke li te avegle moun yo, opwen ke yo te oblije mete yon vwal sou figi l, konbyen plis Sa pral ye? Moun espirityèlman avèg! En-hen. Glwa sa te dwe disparèt, men Glwa sila p ap disparèt. Ou wè? Moyiz te gen lwa chanèl yo, kondanasyon an, okenn gras, anyen menm; sa te jis kondane w. Men se de Sa n ap pale. . . Sa pa t gen padon, sa te jis di w kisa w te ye. Sila ba w yon mwayen pou sòti.

¹³³ E lè Pawòl sa devwale, o la la, kijan de figi Sa ap ye? L ap oblije vwale. Li dwe vwale. Kounye a remake. Kifè Lespri vwale nan yon tanp imen, ou wè, Limenm pou pwononse pawòl natirèl avèk yon vwal natirèl.

¹³⁴ Bon, Pòl ap pale la kounye a, e nan sans sa—sa a, Pawòl-Espri a, “Nou se minis, pa jis ak lèt la, lalwa a; men minis ki ekipe ak Espri a,” ke Lespri pran lèt la pou manifeste L.

¹³⁵ Sa se te jis lalwa, ou te oblije al fè konsta a, pou di: “Ou pa dwe komèt adiltè. Ou pa dwe vòlè. Ou pa dwe bay manti. Ou pa dwe fè *sesi, sela*, oswa se *lòtbò*.” Ou wè? Ou te dwe fè konsta a.

¹³⁶ Men sila se Lespri ki vin sou Pawòl Bondye te pwomèt pou aj *sa a*, pou mennen l epi manifeste l, pa de tab an wòch, men Prezans Bondye vivan an. Se pa yon panse mistik yon moun te fabrike, oswa kèk maji Houdini, yon fent; men se pwomès menm Bondye te revele a ki te manifeste dwat devan nou. Ki kalite vwal sa pral kache dèyè l? Epi pou—pou libere. . .

¹³⁷ Gade, sa te tèlman ekatròdinè jiskaske menm moun yo te di, yo te di lè yo te wè Jewova desann nan Kolòn Dife sa, pou kòmanse ap sekwe tè a, ak—ak bagay Li t ap fè yo, ak mòn lan k ap pran dife. E menm si nenpòt moun lan te eseye al sou mòn

sa, li t ap peri. Sa te tèlman ekstraòdinè ke menm Moyiz te pè tranblemann tè a. Lè sa a, si nan moman sa a Li te sekwe jis mòn lan, fwa sa a L ap sekwe syèl la ak tè a.

¹³⁸ Sa w ap di de Glwa Sila a? Si sa te vwale ak yon vwal natirèl, sila a trè . . . vwale ak yon vwal espiryèl. Alò pa eseye gade natirèl la; antre nan Lespri a pou wè kote w ye, pou wè nan ki tan n ap viv.

¹³⁹ Èske Sa fè sans pou ou? Ou wè, Se yon vwal espiryèl ki sou moun yo, pou ap di, “Mwen se Metodis. Mwen bon menm jan ak tout moun. Mwen se Batis. E mwen se Pannkotis.” Èske w pa reyalize sa, ke bagay sa se yon vwal tradisyonèl? Sa kache Bondye pou ou. Se bagay sa yo ki anpeche w rejwi de tout . . .

O, ou di: “Mwen rele byen fò epi m sote-ponpe.”

¹⁴⁰ Li di: “Tout Pawòl!” Èv te kwè tout Pawòl la eksepte yon sèl. Ou wè? Se Pawòl Bondye a annatye, pwomès pou tan sa a ki te manifeste. Ou wè?

¹⁴¹ Remake kounye a pandan n ap avanse. Gen anpil bagay isit la pou pale, e mwen gen apeprè ven paj, e se . . . anpil—anpil nòt, men mwen—mwen jis p ap pran tout. Ou wè, m ap fè vit.

¹⁴² Li te vwale ak yon vwal natirèl anvan l te ka pwononse Pawòl la pou moun yo. Kounye a, Bondye oblije vwale Tèt Li, jan L te pwomèt la, nan lachè imen. Bondye! Èske nou sezi Sa? Bondye oblije vwale Tèt Li nan lachè imen, pou mete yon vwal espiryèl sou yo, (pou y ap di: “Ebyen, mwen se *sesi* e mwen se *sela*”), pou ap pale ak moun yo. Lè vwal sa a, ki se vwal tradisyonèl la, dechire, alò. . . se sa y ap di, “Enben, jou mirak yo pase.”

¹⁴³ Yon endividi te di m lòt jou, yon—yon ti predikatè Batis laba a, ki te vin kote m, Frè Green, e l te di: “Frè Branham, men yon sèl bagay mwen genyen kont ou.” Li te di: “W ap eseye fè moun yo. . .” Se te anba nan Ramada Inn lan, lè nou te gen reyinyon an anba la. Li te di: “W ap eseye fè moun yo kwè nan yon aj apostolik, pou ap viv jodi a jan yo te ye nan aj apostolik la.” Li te di: “Aj apostolik la te sispann avèk apot yo.”

Mwen te reponn: “Sa te rive?”

“Ya.”

M te di: “Kimoun ki te pòtpawòl nan aj apostolik la?”

Li te di: “Douz apot yo nan chanmòt la.”

¹⁴⁴ M te di: “Alò Pòl pa t ladann.” M te di: “Pòtpawòl la se te Pyè. E Pyè di, Jou Pannkot la, lè yo te wè tout bagay sa yo t ap fèt, ak Sentespri a ki t ap opere, li te di: ‘Pwomès la se pou nou, ak pitit nou yo, e pou sila yo ki byen lwen, e menm an otan ke Seyè Bondye nou an va rele.’ Si L ap rele toujou, alò menm Bagay la isi a. Kifè kilè aj apostolik la te sispann lè lan? Aj apostolik la ap sispann lè Bondye sispann rele.” Li pa t janm di yon mo sinon ke pran chapo l pou mache al fè wout li.

145 Sa pran Pawòl la pou fè l. Se Pawòl la. Jezi te di Satan: “Li ekri.” Ou wè? Se sa, “Li ekri.”

146 Mwen te di: “Pyè te di ke sa pa t ap janm fini. An otan ke Seyè ap rele, Benediksyon sa se te pou yo. Bon ou di: ‘Li te estope.’ Kilè?”

“Se pa pou fè dega?”

M te di: “Non, mesye, pa ditou. Kontinye.” En-hen. Drèt la. Ou wè?

147 Pyè te di ke se te pou tout moun ke Bondye ta rele, yo t ap resevwa menm Benediksyon apostolik la. Sa se—se Pawòl Seyè a. Ou wè?

148 Kounye a vwal natirèl la. Bondye, Pawòl la, te vwale nan lachè imen. Kisa sa te ye? Bondye te vwale nan Moyiz. Bondye te nan Moyiz, vwale, e Prezans Bondye te nan li. Li te tèlman pafè ak Pawòl sa nan li konsa, jouk li te oblije vwale figi l. E se te yon pwofèt konfime ki te devwale Pawòl la pou di yo, “Piga w fè tèl bagay! Fè tèl bagay! E pig a w fè tèl bagay!” Ou wè?

149 Pou bay jenerasyon sa Pawòl Li a, Li te vwale Tèt Li nan yon èt imen, sinon Pawòl la t ap vwale menm sila yo ke yo te rele sòti yo. Ou wè? Menm moun ki te laba a, yo pa t ka sipòte pou ap gade sa. Nan—nan Egzòd nou jwenn ke, yo te di: “Kite Moyiz pale, pa Bondye.” Ou wè poukisa Kolòn Dife a pa parèt twòp? Ou wè?

150 Bondye di: “Mwen—Mwen—Mwen ap fè sa. M ap sisite yon Pwofèt pou yo.” Amèn! “M ap sisite youn pou yo.” E Li te vini jis egzakteman. “M ap sisite, e L ap genyen, ap vin Pawòl la.”

151 Li di: “Si yo vle wè sa Pawòl la ye. . .” Li di: “Kounye a, Moyiz, M te parèt devan w laba, nan bwison adan an.” Li di: “M pral desann pou mete dife sou mòn sa.” Li di: “Yo va wè ke w te di laverite. M ap parèt la nan—nan—menm mwayen dife a. M ap parèt la pou pwouve moun yo, ke M ap konfime ministè w.” Se sa L te di Moyiz la, avèk tèlman de pawòl.

152 Remake, Li di: “Kounye a M pral—M pral glorifye w devan pèp la.” Li di: “Kounye a, di yo ke M te rankontre w laba nan yon bwison adan; kounye a M ap desann, menm Dife a, e M ap kite moun yo wè ke w pa t janm bay manti sou Sa.” Ou ka menm pwouve L, syantifikman, si w vle. Ou wè? “M ap desann dirèkteman pou fè yo konnen.”

153 E lè L te kòmanse ap gwonde, lè Jewova te kòmanse ap gwonde, moun yo te di: “Non! Non! Non! Pa kite Jewova pale; n ap—n ap mouri.”

154 Ou wè, Li te oblije vwale, kidonk Bondye te vwale Tèt Li nan Moyiz pou bay Moyiz Pawòl la. Epi Moyiz te desann epi te pwononse Pawòl Seyè a, ak yon vwal sou figi l. Se vre? Jewova vwale sou fòm yon pwofèt, paske sa t ap absoliman. . . E Bondye te di Li pa t ap pale avè yo ankò fason sa. Li t ap sèlman pale avèk yo pa yon pwofèt. Sa se sèl fason Li t ap janm pale depi lè

sa a. Se sèl fason Li te janm pale. Se vre. Jamè yon lòt fason. Li pa bay manti.

¹⁵⁵ Remake, se sèlman Moyiz ki te gen Pawòl la. Kounye a, pa t gen yon—yon gwoup ki te vini, se pa t jis Farizyen yo, oswa Sadiseyen yo, oswa se pa t yon—yon sèten sèk ou yon klan. Se te Moyiz! Li gen yon sèl moun. Li pa ka jwenn de ou twa panse diferan. Li pran yon sèl moun. Moyiz te gen Pawòl la, e Moyiz sèlman. Jozye pa t menm genyen L. Okenn lòt moun pa t genyen L. Amèn! Jozye te yon—yon jeneral; Jozye te yon kòmandan lame; Jozye te yon kwayan, yon Kretyen. Men Moyiz te yon pwofèt! Pawòl la pa ka vin jwenn Jozye; Li dwe vin jwenn Moyiz. Li te pwofèt majè pou tan an. Remake, Pawòl la pa t janm vin jwenn Jozye jiskaskè Moyiz te pati. Non, mesye. Bondye trete ak yon sèl alafwa. Bondye se youn. Ou wè? Kounye a, se sèlman Moyiz ki te gen Pawòl la, pa yon gwoup.

¹⁵⁶ Gade, Bondye te avèti nenpòt moun pou yo pa t eseye swiv Moyiz anndan vwal sa; imitatè yo. Ou wè? Fanm, gason, prèt, pe enpòt sa l te ye a, jan l te pye, jan l te lòm, kantite lonè, kantite yo te ye; Li te avèti: “Kite Moyiz vin poukont li! E si yon moun, menm yon bèt, touche sa, yo dwe touye l menm kote a.” Pa janm travèse rive devan vwal sa. Vwal sa se pou yon sèl moun. Mesaj sa se yon sèl. Ou wè? Nan tanp lan, yon sèl moun ki te konn antre yon fwa pa ane, wenn e byen prepare pou l te ka antre; pa pou pote Pawòl la, men pou ofri san. Menm pou antre anndan la avan Sa, se te yon sèl. Nenpòt lòt moun lan te mouri. Ou wè?

¹⁵⁷ Yo mouri espirityèlman kounye a. Sila se yon vwal espirityèl. Ou wè? Sa se te yon vwal natirèl. Sila se yon vwal espirityèl. Ou wè? Yo kontinye ap antre drèt dèyè a la, ou mèt di yo sa. “O, m konnen! Mwen konn sa, men mwen . . .”

M te di: “Ale annavan, se kòrèk, sa sèlman ap pale . . .” Nou sonje, dènye fleyo nan peyi Lejip se te lanmò, anvan egzòd la. Dènye fleyo sou tè a se lanmò espirityèl, anvan egzòd la. Alò yo va boule tounen sann pou retounen pousyè, epi jis yo va mache sou sann yo. Men dènye bagay la se lanmò espirityèl, ki se rejte Pawòl la.

¹⁵⁸ Kounye a remake, Bondye te avèti tout moun pou yo pa t eseye swiv Moyiz nan vwal Dife a. Moyiz te dwe vwale, li te dwe soti la. Moyiz te antre antanke Moyiz, li te antre nan Kolòn Dife sa; e lè l te sòti, li te vwale. Paske, li te antre La, debarase de tradisyon l yo, tradisyon ansyen yo. Li te wè Kolòn Dife a, men kounye a li antre nan Kolòn Dife a. Ou wè? Amèn! E li te sòti, vwale. Pawòl Bondye a nan yon nonm, vwale! Men li k ap mache sòti, o la la, mwen ka wè l. Yo te avèti tout lòt moun pou yo pa eseye sa, pèsòn pa ka imite Sa. Se ta mye pou pa fè sa. Ou wè? Menm yon prèt oswa yon nonm sen, kèlkeswa sa l te ye a, kadinal, evèk, nenpòt lòt bagay, ki t ap eseye antre anndan vwal sa, te mouri. Bondye te avèti yo. Nou p ap gen okenn imitasyon.

¹⁵⁹ Pawòl Li a revele a yon sèl. Se te toujou konsa, yon pwofèt te vin ak Pawòl Seyè a, nan chak aj, a chak fwa, atravè Lekriti. Pawòl la vini a yon sèl. Nan chak aj, menm lan, menm nan aj legliz yo, depi premye a jouk nan dènye a. Lòt yo gen plas yo, se vre, remake, men rete lwen Kolòn Dife sa. Ou wè? Ala yon leson n ap aprann la! Ou wè, tout moun ki vle vin yon Moyiz, epi tout moun. . .

¹⁶⁰ Ou sonje sa Datan ak lòt yo te di laba? Yo te di: “Bon, Moyiz, tann la jis yon minit! Ou pran twòp sou tèt ou, ou wè. Kounye a, gen lòt moun la ke Bondye rele.”

¹⁶¹ Se vre. Yo, yo chak, t ap swiv byen, toutotan yo ta prale, men lè youn te eseye leve pou pran pozisyon Bondye ke L te bay Moyiz, ki te predestine epi òdone pou travay sa, li te eseye pran l, dife te desann epi tè a te louvri pou anglouti yo drèt ladann. Ou wè? Ou wè? Fè atansyon. Ou wè? Jis vin yon bon, yon Kreyen pye, ki kwè Pawòl la. Ou wè? Rete lwen Kolòn sa a. Ala yon leson!

¹⁶² Bondye te parèt dabò kot Moyiz nan yon bwison adan, Bondye te vwale nan Kolòn Dife a. Bon koute vrèman byen kounye a pandan yon minit. Bondye, dabò te vini kot Moyiz, Li te vwale. Bondye te nan yon Kolòn Dife, kache dèyè nan yon touf bwa, ou wè; tankou dèyè po yo, ou wè, dèyè bò syèl mizerikòd la bò lotèl la. Ou wè? Li te vwale. Li toujou vwale. E lè L te vin jwenn Moyiz, Li te nan yon Kolòn Dife, vwale nan Kolòn Dife a. Men la, devan moun yo, Bondye te konfime l ak menm Kolòn Dife a. Ou wè? Moyiz di. . .

¹⁶³ Kounye a obsève. Èske nou konprann? Èske nou kite panse nou devye byen lwen? Èske w kapab? Èske. . . “Sila ki gen zòrèy, se pou l tande.” Ou wè?

¹⁶⁴ Lè Bondye te parèt devan Moyiz, se te nan yon Kolòn Dife, lè Li te rele l nan ministè pa l. E Moyiz te vini epi l te di moun yo sa. Yo pa t ka kwè l, poutan li te fè mirak ak lòt bagay. Men, fwa sa, Li te parèt vizib, syantifikman epi konfime ministè Moyiz kòm kwa se menm Bondye ki te pale avè l la, paske Li te parèt sou fòm Kolòn Dife a e Li te mete dife sou mòn lan. Epi Li te vin jwenn Moyiz nan yon touf bwa, Li te pale avè l. Dakò.

¹⁶⁵ Premye parèt Bondye, kot Moyiz, nan bwison adan an, ak vwal. Devan moun yo, Bondye te vwale ankò epi te konfime Moyiz, ak vwal la, ap vwale Tèt Li ak menm Dife a, menm Kolòn Dife a te desann. Depi—depi lè sa. . . Apati de yomenm, kidonk yo te ka sèlman tande Pawòl Bondye a. Ou sezi l? Jis Pawòl la, yo te tande Vwa L. Paske, pou yo, Moyiz te, Pawòl vivan an. Moyiz! Ou wè, Bondye te tèlman pwouve Pawòl sa pa Moyiz! Ou wè, Moyiz di. . . Bondye di Moyiz: “Desann la. M ap avèk ou. Li. . . P ap gen anyen k ap ka reziste devan w. MWEN SE SA KI MWEN YE A.”

¹⁶⁶ Moyiz te vini, epi te di: “Nou ka pa kwè sa, petèt, men Bondye te parèt devan m nan Kolòn Dife a e Li te di m bagay sa yo.”

¹⁶⁷ “O, nou gen tout kalite bagay k ap pase.” Farawon di: “Enben!” Pastè Farawon te di: “Ebyen, ou gen yon trik majisyen bon mache. Franchman, mwen gen majisyen la ki ka tounen yon sèpan pou vin. . . yon baton—yon baton an sèpan. Vin isit, majisyen yo.” Epi yo te vin la a epi yo te fè menm bagay la.

¹⁶⁸ Moyiz te konnen. Pa gen anyen ki te deranje l. Kantite imitatè yo te genyen, sa pa t fè on ti kras diferans. Moyiz te jis rete trankil. Premye bagay ou konnen, yo t ap ranpe yon ti tan, epi, dirèkteman, koulèv Moyiz la te jis vale rès lòt yo. Ou wè? Poukisa? Tankou apot yo, yo pa t ka eksplike L. Moyiz pa t konn kijan Bondye ta pral fè l, men Li ta pral fè l.

¹⁶⁹ Sonje, Li te di Janbrès ak Janès ap retounen nan dènye jou yo, ou wè, imitasyon. “E li t ap sedui menm eli a si l te posib,” Matye 24:24. Ou wè? Jis egzakteman menm bagay yo, ap fè menm kalite mirak yo ak tout lòt bagay. Siveye Pawòl sa! Siveye Pawòl sa! Nonm lan di li fè yon mirak e li toujou vle kwè gen twa Bondye, epi gen tout espès sa yo; elwaye w de espès sa. Nou konnen ke sa—sa pa bon, ou wè, pa gen bagay konsa. Ou wè? Pawòl la, chak Pawòl, chak Pawòl ki soti nan bouch Bondye! Jenèz, yon sèl Pawòl! Isi a, li di: “Piga w retranche oswa ajoute yon sèl mo.” Ou wè, Li dwe menm Pawòl sa. Ou wè?

¹⁷⁰ Remake, moun yo te wè yon bagay ki te rive. Moyiz te vwale tankou yon. . . Li te yon pwofèt, e Bondye te konfime Pawòl Li la, te desann la. E li te wè siy ak pwodij yo. Epi apres, dakò, moun sa yo te separe tèt yo yomenm, yon legliz. Ou wè, *legliz* vle di “rele sòti.” Ou wè? Apre yo te fin rele yo soti nan mond lan pou yo te vin yon pèp, ou wè, lè sa Bondye te pèmèt yo konnen L antanke Kolòn Dife a. Li te pwouve mesaj Moyiz la. Ou wè? Li te Kolòn Dife a. Yo te ka petèt pran yon foto L, mwen panse, si yo te gen kamera, paske se te Dife nèt. Men yo—yo te pwouve sa, Bondye t ap pwouve ke Mesaj la te vre. Mesaj la te aksesib, tout bagay te la, yo ta pral pati nan yon egzòd lè sa. Sa te vwale pwofèt Li pou pèp an egzòd sa.

¹⁷¹ Moun yo, panse a sa, te wè yon bagay rive l. Kounye a li te diferan de rès Izrayelit yo. Li te diferan, mesaj li a te diferan, li te diferan de prèt yo, li te diferan de tout bagay. Ou wè, li te yon moun diferan. Moun yo te wè gen yon bagay ki te rive. Bondye te vwale Tèt Li nan pwofèt Li, pou pwononse Pawòl Li pou yo. Se sa L te fè. Moyiz te Pawòl vivan sa pou pèp la, vwale ak Kolòn Dife a, pou ap pale de sa ki ta pral vwale pita dèyè po bèt sa yo. Ou wè?

¹⁷² Pawòl la te dwe soti de Moyiz, an premye. Ou wè? Moyiz te gen Pawòl la. Se Bondye ki te ekri yo, pèsonn pa t ka entèprete Yo, Moyiz te dwe entèprete Yo, dabò. Se pou rezon sa li te vwale figi l, paske li. . . Èske nou wè L? Ou wè?

Men Li. Nou ka pran L, pote L, ak tout lòt bagay, men Li dwe revele. Pou l ka revele, Moyiz te dwe vin Bondye pou pèp la.

Ou di: “Sa pa gen sans.”

¹⁷³ Enben, Li te di, te menm di Moyiz, Limenm: “Ou va Dye, e Arawon va pwofèt ou! . . . ? . . .” Ou wè? Kifè men Li k ap vini, ou wè, Li te dwe vwale tèt Li, paske Bondye toujou dèyè yon vwal. O, la la! Èske w wè L? Bondye kache pou piblik la.

¹⁷⁴ Te di: “Papa, Mwen remèsye W, paske Ou te kache Sa nan je saj ak entelijan yo, epi Ou te revele L bay bebe yo, sila yo ki vle aprann.” Ou wè?

¹⁷⁵ Bondye te kache dèyè vwal la. Moyiz te vwale figi l. Moyiz te Pawòl vivan an ki te vwale lè sa a. Moun yo te wè Kolòn Dife sa, te di: “Kounye a nou satisfè.” Ou wè? “Kite Moyiz pale.” Ou wè? “Pa kite Bondye pale, pou nou pa mouri.” Moyiz te mache dwat nan Kolòn Dife sa. Ou wè?

¹⁷⁶ Epi sa te di la, Li te di: “Kounye a Mwen—Mwen p ap pale avè yo konsa ankò. M ap ba yo yon pwofèt.” Ou wè? E se fason sa Li te toujou fè l. Ou wè? Li te di: “Kounye a kite yo monte.” Men pwofèt sa te dwe gen Pawòl sa. Si l vwale ak yon tradisyon, Bondye pa t janm voye l. Si l vwale ak Pawòl la, Bondye ap konfime Sa. Bondye entèprete Pwòp Pawòl Li. Moyiz te pwononse Yo; Bondye te entèprete Yo. Amèn.

¹⁷⁷ Moyiz te di: “Men sa Seyè a di!” E Seyè a te fè sèlman sa L te di a. Sa ki pwouve ke Se te vre.

¹⁷⁸ Bon Li di: “Kounye a, Moyiz, ou konprann. Moun yo konprann kounye a. Ou wè, Mwen te montre w, Mwen te konfime w.” Bondye te vwale Tèt Li nan pwofèt sa, pou pwononse Pawòl Li a bay moun yo. Moyiz te Bondye vivan an pou yo, Pawòl vivan Bondye a te manifeste. Se pou rezon sa figi l te vwale. Ou wè?

¹⁷⁹ E èske nou konnen ke se menm bagay la nan yon Kreyen otantik ki vwale jodi a, pou enkwayan yo? Yo wè fanm sa yo avèk cheve long ak lòt bagay, yo di se . . . “Gade vye demode sa.” Fanm yo woule cheve yo al sou dèyè, yo di: “Ou gen yon kawotwou plat, yon wou de rechanj anwo la.” Ou wè, Tou sa vwale. Yo avèk. “O,” yo di, “mwen gen yon Doktora. an Filozofi, yon Lisans . . .” M pa bezwen konn kisa w genyen, ou toujou inyoran de Pawòl la. Se egzaktman sa. “O, sa, se jis yon ti bagay minè. Mwen . . .” Kòmanse aprann ti leson yo anvan.

¹⁸⁰ Kisa n ta di de moun ki di yo vwale yo nan Prezans Bondye, pou ap preche kèk tradisyon legliz? O, gras, lamizerikòd! Alòske y ap ajoute epi y ap retranche, ak tout lòt bagay konsa, lè y ap enjekte pwòp sijè yo ak pwòp panse yo, e non Pawòl Bondye a, ou wè, ki kalite vwal sa ye? Sa se posede yon vwal eklezyastik. Bondye te dechire vwal sa konplètman!

¹⁸¹ Yo di: “Pa gen bagay tankou pwofèt yo ki egziste. Pa gen bagay konsa, nan dènye jou sa yo, tankou apot ak pwofèt. Pa gen yon tèt bagay tankou Gerizon divin. Pa gen de tèt bagay tankou vwayan, ankò. Pa gen yon tèt bagay tankou Mak 16 k ap akonpli.

Aj apostolik la sispann.” Yo vwale L nan je moun yo. Men Bondye sòti menm kote a ak Sentespri Dife Li, pou dechire bagay sa depi anlè jouk anb- . . . [Espas vid sou kasèt la—Editè a.] Bondye te dechire vwal la.

¹⁸² Moyiz te vwal la, Pawòl vivan Bondye a vwale dèyè lachè imen. Kolòn Dife a te nan Moyiz, natirèlman, ap pale de sa ki ta pral vwale pita dèyè po, ou wè.

¹⁸³ Bon, pandan ke, Pawòl la, Pawòl la t ap parèt, apres a Sa te ekri, lè sa yo te mete L an retrè epi toujou vwale, paske Bondye te toujou nan Pawòl sa. Amèn! Li se Pawòl la, toujou. Li te nan Pawòl sa. Se pou rezon sa a Pawòl sa te dwe vwale.

¹⁸⁴ O, frè, sè, èske w sezi L? Gade! Ou pa wè? Sa te vwale atravè aj sa yo, dapre sa Bondye te di, e Sa ap louvri nan dènye jou yo, Sèt So sa yo va brize, e tout Bagay la va ekspoze devan je moun yo, sa k te rive pandan tout tan an. Se tan Mesaj setyèm anj lan, tout mistè Bondye yo ta dwe devwale atravè Eli sa, nan dènye lè sa; jan yo te mete Kris sa deyò legliz Li, Fis de Dye a; jan L revele antanke Fis de Lòm ankò; jan yo ta dwe mete Legliz sa annòd, ak tout lòt bagay nan dènye jou a, san kredo, san denominasyon, jis absoliman Pawòl la k ap viv nan endividi a. “M ap pran youn, epi kite youn. M ap pran *sesi*, epi kite *sela*.” Ou wè? Gen jis . . . Pa gen okenn bout kòd, okenn denominasyon, okenn atach oswa anyen; se kè a avèk Bondye, e Limenm sèl. Ou wè?

¹⁸⁵ Remake, vwale nan yon lachè imen. Moyiz ak Pawòl sa, k ap anonse sa k ta pral mete pita dèyè po blewo yo. Kifè sa . . . Kidonk Kris se Moyiz nou an. Kris se Moyiz pa nou. Li te Bondye vwale nan lachè imen, vwale nan espès imen, nan lachè. Se vre. E Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Li te vwale ak po blewo yo. Li te vwale. E fwa sa Li te vwale nan yon Nonm. Ou wè? Kounye a remake, “menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan,” te pwomèt Pawòl Li pou aj *sila*. Li se toujou Kris, Pawòl ki te pwomèt pou aj sila a, vwale nan lachè imen. Pawòl la se Bondye.

¹⁸⁶ Onksyon an se yon moun. Mo *Kris* la vle di “youn ki wen,” ou wè, “sila ki wenn lan.” Alò, Moyiz se te Kris nan epòk pa l la, li te sila ki te wenn lan. Jeremi te Kris nan jou pa l yo, ak yon pòsyon nan Pawòl la pou jou sa.

¹⁸⁷ Men lè Jezi te vini, Li te vini antanke Sila ki te Redanmtè Wen an; e sa se te alafwa Moyiz ak tout sa k te nan Moyiz, ak tout Pawòl la, e tout plenitid Divinite a te abite nan Li kòporèlman. Se pou rezon sa vwal tanp lan annantye te dechire, epi syèl mizerikòd la te vin ekspoze byen aklè, Li te Sila ki te Wenn lan.

¹⁸⁸ Remake kounye a, vwal la nan lachè imen, Pawòl ki te pwomèt pou aj sa a dwe vwale tou. Remake. Manm legliz ki renmen peche ak pechè yo pa ka wè L akòz vwal imen an.

¹⁸⁹ Se pou rezon sa yo pa t ka wè L. “Enben, Li se yon nonm. Ki kote L sòti? Ki kat de manm Li genyen? Nan ki legliz Li mache?” Mwen vle pale sou sa aswè a: “De ki legliz Li fè pati?” Ou wè?

E kifè, ou wè, kounye a, “De ki legliz Li fè pati, ki—ki gwoup? Nan ki lekòl Li te ale? Ki kote Li te resevwa edikasyon L? Ebyen, Nonm sa te ne, selon tradisyon, oswa dapre rimè k ap—k ap sikile sou Li bò isi a, nonm sa te fèt andeyò lyen sakre maryaj. Ebyen, Limenm, se sèten, Li vin de dyab la. Ou wè, Li—Li vin de dyab la. Li te fèt andeyò lyen sakre maryaj, e Jozèf te jis marye avè l pou evite ke yo lapide l, paske manzè te yon adiltè. E Nonm sa ap vin la pou di noumenm ki sakrifikatè kisa pou n fè?”

¹⁹⁰ E men Bondye ki te kanpe la, ap revele Pawòl sa, ap kriye fò: “Bondye M nan, poukisa W abandone M?” Menm Chante yo t ap chante nan tanp lan, ke David te konpoze pou yo depi plizyè lane, ki te gen rapò ak Kris. “Tout zo M yo t ap gade M. Yo pèse men M ak pye M.” E men yo ki te kanpe la, ap chante sa, apwopo Nonm lan menm ki t ap mouri sou kwa a. E lè yo te fini epi. . .

¹⁹¹ Lè L te mouri, Bondye nan Syèl la te desann, tankou L te fè sou Mòn Sinayi a, ak Dife Sakre a, e Li te boulevwal tanp sa depi anwo jouk anba, Li te dechire l. E kisa yo te ka fè? Gade drèt la deyò nan fenèt tanp lan, sou Kalvè a, e men Bondye ki te ekspoze byen aklè, Sakrifis la.

¹⁹² Men yo poko wè L ankò, jodi a. Bondye nan dènye jou sa dechire tradisyon sa yo, pou mennen Pawòl la bay aj sa byen aklè, e yo poko konnen L ankò. Yo jis pa konnen L. Sa—Sa tèlman senp. Ou wè, li jis tèlman senp. Sa tèlman elwaye de bagay mond lan.

¹⁹³ M te preche lòt jou nan yon asanble kèlkonk, sou, “Ou se yon nono.” Youn nan jou sa yo, mwen vle preche sou sa, “Ou se yon nono.” Nou tout fou parapò a on lòt moun, kifè—kifè mwen vle youn pou Kris. Pòl di ke li te “konsidere tankou yon moun fou.” Sèten, ou dwe sa. Ou wè, sa pran yon pa anyen pou kenbe tout bagay yo ansanm. Ou wè? Se sa.

¹⁹⁴ Alò remake vwal la, chè imen an. Pa, kounye a, moun ki renmen peche yo pa t ka wè sa. Moun relijye tradisyonèl sa yo, yo pa t ka wè sa, paske Li te yon nonm. Poukisa? Chè imen sa a te kache Bondye.

¹⁹⁵ Bon, si L te yon gwo Kolòn Dife ki te desann, ou wè, yon gwo Kolòn Dife te desann pou montre yo sa L te ye, ke Li te gwo Kolòn Dife sa a, yo te ka kwè sa; si Jewova t ap sikile toutotou.

Men ou wè sa L te fè, pou L te ka pase lwen tout moun entèlijan, saj sa yo, Li te jis revele Tèt Li jan L te pwomèt Moyiz la, ou wè, “Mwen pral pale avèk yo atravè yon Pwofèt.” E Li te Fis de lòm, yon Pwofèt. E kèk nan yo te rekonèt Sa, anviwon yon santyèm de en pousan nan mond lan, te kwè Sa; rès lòt yo pa t kwè. Men, Li te, jis menm lan.

¹⁹⁶ Men te gen Bondye Pwisan an ki te ekspoze la byen aklè, Syèl Mizerikòd la! Li te mouri alòske Pwòp pitit Li yo t ap di. . . Pwòp pitit Li yo la, t ap di: “Nou pa bezwen L! Al lwen avè L!” Yo te krache sou Li.

197 Se yon tip, depi lontan, lè David t ap kite tanp lan, yon wa rejte. Li t ap pase nan lari a, epi yon vyek ti kanmarad, andikape ki t ap trennen, ki pa t janm renmen l, li te rele l “vye ipokrit” oswa yon bagay konsa, li te krache drèt nan figi l. E gad kò sa te rale epe l, te di: “Èske m ap kite tèt chyen sa rete sou kò li; ki te krache sou wa m lan?”

198 David te di: “Kite l trankil, se Bondye ki di l fè sa.” David pwobableman pa t reyalize sa l te di a. Li te monte sou montay la, ap gade dèyè, pou ap kriye.

199 Uisan lane pita, Fis de David la t ap grenpe menm montay sa, ap gade byen lwen, ak dlo nan je pou Jerizalèm, yon Wa rejte. E yo te krache nan figi L.

200 Èske w pa wè? Se menm bagay la. Obsève Pawòl sa ki kontinye ap desann, ap swiv kous Li jodi a? Toujou rejte pa yon majorite, ou wè, men ak yon minorite ki kwè.

201 Bon, ou wè, yo pa t ka kwè L. Grek sa yo, pa t ka wè L, Li te nan tanp imen Li. “Enben,” yo te di, “nonm sa a rele Jezi; Li soti Nazarèt.”

202 Bon, yo te pote yon sèl non laba nan epòk sa. Tankou “Jean, Jim,” yo konn di “Jean ki sot Jeffersonville, Jim ki sot New Albany,” oswa yon bagay konsa, ou wè.

203 Yo di: “Sa se Jezi de Nazarèt. Se yon kwayans popilè ke yon sòlda te ansent manman L.” Ou wè? E se egzakteman sa yo te kwè. Sèten! E dizon ke yo te di, bon: “E sa se Jezide Nazarèt.” Ou wè? “Kimoun Li ye?” Ou wè, yo pa t ka konprann Sa.

204 Men, enben, Pawòl pou jou sa, lè L t ap preche, Li te di: “Sonde Lèzekriti. Nan Yo nou panse nou jwenn Lavi Etènèl, e se Yo ki rann temwayaj kimoun Mwen Ye. Si nou pa ka kwè M; bliye M, antan ke vwal, kwè Pawòl ki anonse a. De etabli pou sèvi kòm temwayaj,” Li te di, “Mwen pale epi Papa a pale pou Mwen.” Amèn. Se vre.

205 M ap pale de Pawòl pou jodi a, e Papa a konfime L. Bon èske sa se yon temwen pou nou? Se sa, ou wè. Se konsa sa dwe akonpli.

206 Remake nan 2 Korentyen kounye a, . . . nan 2 Korentyen, chapit 3, vèsè 6 la, Bondye te rete nan ansyen tanp lan dèyè vye po yo, kache pou Jwif yo. Lè ansyen vwal la te dechire, Jwif yo te toujou . . . avegle konsènan Kimoun Li te ye, e Kimoun Li ye ankò. E apres Lapannkot te revele Kimoun veritab Bondye vivan an te ye, lè vwal sa te koupe an de, pa Bondye, depi anwo. Poukisa vwal sa te fè sa? Poukisa l te fè l?

207 Poukisa yon tèl Mesaj te vini jodi a pou fè sa L fè a? Poukisa L te vini? Poukisa?

208 Te gen yon moun ki ta pral rele m, lòt jou isi a sa pa fè lontan, ki te vle fè yon deba avè m sou aj legliz la—la, ke, “Bondye te nan sen legliz Li,” ak bagay konsa. E mwen te dekouvri ke se te yon fanm predikatè, e m te jis pase sou sa. Ou wè, si se te yon nonm

sa t ap kòrèk, sa t ap diferan. E, kifè, men a kisa sa ap sèvi pou ale dirèk nan yon lòt peyi la, tandiske m dwe kite yon reyinyon isi a pou m fè l, ou wè? Kifè mwen te jis kite yo trankil. Yon avèg k ap kondui yon avèg, y ap—y ap tonbe yo toude nan twou a.

²⁰⁹ Kifè, kifè kounye a nan aj sa, lè vye vwal denominasyonèl ak tradisyon an te dechire, ak Pawòl Bondye a, pou L ka manifeste! Nou wè sa m vle di a? Tradisyon yo di: “Tout bagay sa yo pase.” Kite Sa byen penetre yon tikras. “Bagay yo pase.” Men, nan dènye jou sa, vwal tradisyonèl sa te dechire, e men Kolòn Dife a ki kanpe la. Ou wè? Men Li, k ap manifeste Pawòl pou jodi a. Vwal la dechire.

Kounye a, lemonn, toujou pa kwè L. Pe enpòt sa l ye a, yo pa wè L. Yo pa wè L. Sa pa t voye pou yo.

²¹⁰ Sonje, se pa t Fis de Dye a ki te revele nan Sodòm; se te de mesaj yo. Se sa.

²¹¹ Men, sa, se Bondye Limenm nan lachè imen ki te revele a Abraham, Eli a. E obsève sa L te fè pou revele Tèt Li. E konsa Abraham te konnen, lè L te disè sa k te nan panse Sarah dèye do L, li te di, te rele L “Elohim! Sèvitè Ou. . .”

²¹² Remake kounye a, pou sa ka manifeste. Pawòl la te gen yon vwal sou Li pandan tout ane sa yo, pou moun yo: “Sa pa ka fèt.”

²¹³ Nou sonje mesaj m te preche jou maten lè m t ap kite isi a pou premye fwa a, sou Golyat ak David la? M te di: “Gade opozan an la, k ap di ‘jou mirak yo pase.’”

Obsève kasèt sa yo pandan y ap vini, obsève yo chak, jan Sa ap vin pi klè epi pi klè; si w gen zòrèy pou tande, ou wè, je pou wè.

Kisa? M te di: “Men gwo mond eklezyastik sa ki kanpe la, k ap di nan aj syantifik sa, ke sa pa ka fèt.” Men m te di: “Bondye. . .” Nan Limyè sa, anvan menm ke yo te pran foto L, sof yon fwa; yo pa t janm pran l lè sa. Se te anba la nan rivyè a; yo pa t janm pran foto L. Ou wè? M te deklare: “Li te di m ke sa t ap fèt; Li t ap fè yon apèl epi sa t ap baleye tout nasyon yo.”

²¹⁴ E menm Doktè Davis, ki te di: “Oumenm, ak yon edikasyon elemantè, ki fèk pase setyèm ane, ki pral priye pou wa ak potanta, pou kòmanse yon revèy ki va baleye nasyon yo?”

Mwen te reponn: “Se sa Li di.”

²¹⁵ E sa te fèt. Ou wè? Ou wè, sa te fèt. Sa se bagay la, sè ke, Li pa bezwen okenn entèpretasyon. Li te fè l. Ou wè, Li deja fè l, sa entèprete pwòp tèt li, ou wè, ap rele Eli L yo, ou wè, soti—soti nan tout jan de vi. Kounye a li manifeste.

²¹⁶ Mwen te di ke David te kanpe la, yon ti kanmarad, touzwit, mèg ak do l tou koube, yon fistibal nan men l. Epi, enben, Sayil te gade l, chèf asosyasyon minis yo, te di: “Enben, oumenm, ou pa menm antrene!” Li te di: “Kite m wè si m ka ba w yon Doktora.

an Filozofi. oswa kichòy.” Te mete rad sòlda sa sou li, sa . . . Li te dekouvri ke sa pa t ale ak yon òm de Dye.

217 Li te di: “Retire bagay sa sou mwen.” Te di: “M pa konn anyen nan bagay sa.” Te di: “Kite m ale fason m konnen an, avèk sa m te konbat lyon an, avèk sa m te konbat lous la.” Li te yon jan de moun rakbwa. Li te di: “Kite m ale fason sa.”

218 E vye Golyat sa te di: “Èske se yon chyen nou voye pou konbat avè m?” Te di: “M ap pike w ak pwent lans mwen an epi pandye kadav ou anwo la pou kite zwazo manje l.”

219 David te reponn: “W ap vin devan m antanke Filisten, ak rad sòlda ak lans, m ap mache kontre w nan Non Seyè Bondye Izrayèl la.” Obsève pwofèt la byen, David, li te di: “Jodi a m ap koupe tèt ou soti sou zepòl ou.” Amèn! O, la la! Li te konn sa l te genyen, nan Kilès li te kwè, e li te konvenki nèt ale ke Li te ka gade sa l te remèt nan men L lan. Ou wè? Kifè sa te rive kanmenm.

220 Avèk vye dikton sa: “Jou mirak yo pase,” miray yo tonbe plat atè! Jewova toujou ekspoze la byen aklè, ap manifeste Pawòl Li, Sila ki devwale a. Se sa. Remake.

221 Legliz Nasyon yo tou te avegle akòz de vwal la, apre sa te fin dechire, vwal eklezyastik la, pou montre Bondye. Ki fason? Nan vwale Pawòl la nan yon èt imen ankò. Se sa egzakteman ke Izrayèl te echwe pou wè. Si se te kèk Anj oswa yon bagay kèlkonk, Izrayèl t ap kwè L. Men poutèt li pa t ka yon Anj, sa te dwe yon nonm. Amèn!

Bondye pa ka brize Pawòl Li. Nan dènye jou yo sa dwe menm bagay la ankò. Ou wè? Kisa k te avegle Izrayèl? Nonm sa. “Ou se yon Nonm k ap fè pwòp Tèt Ou Bondye.” Se pou sa yo te touye L, e, jodi a, paske Mesaj la vini atravè yon nonm e non pa Zanj yo. Ou wè? Bondye pa ka chanje fason L, chanje Pawòl Li. Li di Li pa chanje. Ou wè? Remake, sa te pwomèt! E Moun lòt Nasyon yo avèg jodi a menm jan Izrayèl te ye a, akòz (kisa?) vwal la. Bondye vwale nan yon èt imen, te avegle Izrayèl.

Remake, te toujou avegle youn. Pou youn, Sa ap avegle; pou lòt la, Sa ap revele Laverite. Sa ap fèmen je kèk, epi louvri je lòt.

222 Gade, Jezi te kanpe pou di: “Ebyen, non w se—se—se Simon, e non papa w se Jonas.”

Li te di: “Bondye Seyè!” Ou wè? Filip . . .

Li te di: “Kijan W te fè konnen?”

Li te di: “Men yon Izrayelit, ki pa gen okenn kachotri nan li!”

E li te reponn: “Mèt, ki kote W te konnen m?”

223 Li di: “Anvan Filip te rele w, lè w te anba pyebwa a, Mwen te wè w.”

224 Li di: “Mèt, Ou se Fis de Dye a. Ou se Wa Izrayèl la.”

225 Ebyen, men lòt sa yo ki te kanpe la, ap di: “Li se Bèlzeboul.” Ou wè? Kisa Sa te fè? Louvri jye youn, avegle lòt la. Kisa prèt sa yo te di? “Enben, Tip sa se Bèlzeboul!”

226 Ti fanm lan te di: “M konnen Mesi a gen pou vini, Sila ki rele Wen an. Ou wè, Wen an va vini. Nou pa t gen pwofèt . . . Ou dwe yon pwofèt. Men Wen an gen pou L vini. N ap tann Li. Sa se dènye jou yo pou Moun lòt Nasyon yo . . . oswa pou Jwif yo.” Li te di: “Sa se dènye jou a.” Ou wè, toulède Samariten epi Jwif yo t ap tann yon Mesi. Ou wè? Te di: “Se lè kounye a pou L parèt. Nou konnen, lè L va vini, Li va fè bagay sa yo. Li va di nou bagay sa yo.”

Jezi di: “Mwen se Li.”

Jye l te louvri, sakrifikatè yo te avegle.

227 Se sa Levanjil la toujou fè. Li louvri je kèk, revele Verite a pou kèk, pandan L ap avegle lòt yo; genyen yon doub siyifikasyon. Genyen k ap pran Pitit sa epi gade drèt anndan L, epi al fè wout yo avèg; lòt ka pran L epi al fè wout yo avè L, se diferans lan.

228 Jan sa te fèt nan chak aj, Divinite te vwale nan lachè imen. Remake, Li te fè l. Pwofèt yo se te divinite, vwale. Yo te Pawòl Bondye a (èske se vre?) vwale nan lachè imen. Kifè, yo pa t remake Moyiz nou an non plis, ou wè, Jezi.

229 Remake ki te vwale dèyè vye po blewo nan ansyen tanp lan, se te Pawòl la, se te Pawòl la manifeste sou tab an wòch.

230 Bon, m pral eseye ale nan apeprè ven minit kounye a, si m kapab, sa ap voye nou a onzè edmi. Remake, si nou remake, mwen te tounen kèk paj la, ou wè, pou anpeche m ap . . . konsa m t ap pede koupe . . . pou evite sa vin twò long. M konnen nou cho, fatigue.

231 Dèyè ansyen tanp lan, nan vwal la, kisa k te dèyè a la? Kisa Jewova te ye? Kisa k te kache dèyè a la? Kisa vwal la te kache? O, Alelouya! Kisa vwal la te kache? Li te kache Pawòl la. Vwal la, vye po blewo yo, te kache, kache Pawòl la pou jye yo, jye natirèl yo. Dèyè a la, tou, te gen pen pwopozisyon an. Dèyè a la, tou, te gen Glwa Shekina a. Men tou Sa te kache pou yo. Tou sa te kache. Tout Glwa Bondye te drèt la dèyè vye po blewo sa, se vre, tou sa te kache pou jye natirèl.

232 Se sa l ye jodi a, tou. Yo rele sa “yon bann sen eksite, dè fanatik,” men yo pa konn sa k kache dèyè a la. Se sa yo pa konnen. Ou wè?

233 Aprea lè Bondye, ak mizèrikòd, te dechire vwal la pou yo te wè, yo te tèlman mare nan tradisyon pa yo ke yo . . . sa te toujou kache pou yo, menm jiska jodi a.

234 Menm bagay kounye a! Glwa, Pwisans Sentespri, Glwa Shekina ki vin sou kwayan an, bon m vle di vrè kwayan an, ki lakoz zèv Bondye ak lafwa vin nan li, pou kwè Pawòl Bondye a,

ki kache konplètman pou jye sa yo. Yo di, “Bagay sa yo pase.” Ou wè, y ap viv ankò dèyè vwal la.

Nou pa dèyè vwal sa ankò, ti Piti yo, Bondye te ekspoze byen aklè pou ou.

²³⁵ Lòt jou, Frè Fred Sothmann, Frè Tom Simpson . . . M pa konn si l te janm reyisi vin la ou pa. Plizyè lan nou te anwo a nan yon legliz Batis, e minis lan te di yon bagay ki te sonnen trè byen. Nou tout te di, “Amèn!” Tout moun nan legliz la te detire kou yo pou gade dèyè. Ou wè? Ou wè? Nou te jwenn yon myèt ki te sot dèyè Shekina a la, ou konnen, e nou te on jan kontan pou resevwa l. Nou te deklare, nan lòt mo, “Mèsi, Seyè!” Ou wè? E, lè yo te fè sa, zanmi sa yo te tèlman vwale ke yo te jis ap ri. Yo pa t konn anyen sou Sa. Ou wè? Yo te ankò vwale. Kifè, genyen ki anndan e genyen ki deyò. E konsa . . . Men Bondye ekspoze la byen aklè pou nou, men kache. Menm bagay kounye a!

²³⁶ Alò lè Bondye, nan mizerikòd Li, te dechire vwal la, Li te parèt byen aklè. Men, yo te tèlman makonnen nan tradisyon pa yo, ke Li te toujou kache pou yo.

Menm bagay kounye a! Tout Glwa sa, kache, kache pou nou nan Kris, Pawòl la, Ki se Tanp nou.

²³⁷ O, kounye a, m pral oblije fouye an pwofondè nan sa on tikras. Ekskize m pou emosyon m yo maten an, men, o, m te—m te vle delivre sa depi sitelman lontan, mwen . . . sa te jis ap bouje nan mwen. Ou wè?

²³⁸ Remake, tout Glwa ki nan Bondye nan Pawòl la. Tout benediksyon ki nan Bondye nan Pawòl la. Sa kache, pou enkwayan an, nan tradisyon. Nou wè sa m vle di a? Men tou Sa nan Kris. Tou sa Bondye te ye, Li te *devide* l Limenm, “kenosis,” e te vin nan Kris; e noumenm, nan Kris, nou dèyè vwal la.

²³⁹ “Ebyen, mwen anndan Kris,” ou va di. Epi apres a kwè gen twa Dye? Batize nan non “Pè, Fis, e Sentespri”? Kwè nan tout tradisyon sa yo ak lòt bagay ou kwè ladan yo a, ki vin de ansyen yo? Non, ou ankò dèyè vwal la. Ou wè? Vin anndan vwal la. Limenm, Kris, se Pawòl la.

²⁴⁰ “Kòman? M pa kwè nan gerizon Divin. M pa kwè nan mirak sa yo ak bagay konsa.”

²⁴¹ Ebyen, ou wè, ou—ou pa antre, anndan vwal la. Ou pa konn anyen sou Sa. Ou wè? Kris se Pawòl la! E lè nou nan Pawòl la, nou nan Kris. E kòman m ka fè nan Kris, epi ap renye Kris? Se Limenm ki te di, “Menm pa on mo ou pa ka ajoute oswa retranche.” Kòman w ka fè retranche epi ajoute, lè sa? Ou wè, sa montre w ki vwal ki vwale w byen lwen. Ou wè?

²⁴² Nou nan Li! Alò noumenm, poutèt nou nan Li a, nou ankò vwale pou moun relijyon ak moun k ap pratike relijyon nan mond lan. Ou wè, Glwa nou genyen an epi k ap rejwi nou an, nou toujou vwale pou moun deyò sa yo. Yo panse ke nou “pèdi tèt nou, nou

fou,” ankò. Ou wè? Ou wè? Se vre. Men noumenm ki anndan la, nan Kris, ki te batize nan Li, (1 Korentyen 12), nan Li, nou pataje Glwa sa. Ou wè? Men pa aleksteryè; ou toujou ap gade anndan, ap renje L. Ou wè?

²⁴³ Kifè kounye a nou envite antre nan Li, pou ap pataje tout sa L ye. Yo envite nou antre nan Li, sa kache pou enkwayan yo, akòz de vwal chè imen an. Ou wè? Yo konn Glwa sa, yo fè lekti sou Sa, Sa nan Pawòl la la, “Glwa Bondye a” ak bagay konsa, se jis on pawòl pou yo. Pou nou, se yon manifestasyon! Ou wè? Li pa jis on pawòl ankò; se yon reyalite! Amèn!

²⁴⁴ Bondye di, “Se pou limyè fèt,” Se te pawòl la. Men kounye a gen limyè. Se pa jis pawòl la; se limyè a. Ou wè sa m vle di a?

²⁴⁵ Kounye a se pa jis yon Pawòl ekri pou nou, se yon reyalite. Nou nan Li. Kounye a n ap rejwi nou. Kounye a n ap kontanple L. Kounye a nou wè L, Pawòl la, ap manifeste tèt Li. Li kache, deyò a la, paske (poukisa?) Li vwale nan chè imen. Ou wè?

²⁴⁶ O, yo di, “Bann moun sa yo, ki kote yo t al lekòl? Ki—ki kalite edikasyon yo genyen? Ki kote, kote—kote yo te soti? De ki—ki—ki gwoup yo fè pati?” Ou wè? Hmm! Ou wè, yo pa sezi L.

²⁴⁷ Yon nonm te di yon lòt, lòt jou, te di, “Ou dwe fè pati de yon denominasyon pou w ka yon Kreyen.”

²⁴⁸ Li te reponn: “Mwen se yon Kreyen; Mwen pa fè pati de okenn nan yo.” En-hen. Te di: “Bondye te retire kansè sa nan mwen,” te di, “kounye a kisa w panse de sa?” Se te yon doktè. Li te di, “Montre m denominasyon ki ap fè sa.” Ou wè? Dakò. Ou wè? Sa toujou vwale.

²⁴⁹ Nou anndan Kris. Kounye a, tankou lè sa a, tout vrè kwayan yo wè L, Pawòl pwomès pou jou sa, manifeste aklè. Sa se yon gwo koze si w ka sezi l. Ou wè? Ou wè? Tout vrè kwayan, ki nan Pawòl la, wè Bondye aklè. Vwal la dechire, e Bondye ekspeze byen aklè devan w, manifeste. Ou wè? Bondye, manifeste, aklè.

²⁵⁰ Pou sa ka fèt, vye vwal tradisyonèl denominasyon nou an dwe dechire ankò. Pou w ka vrèman wè kisa Sa ye, ou dwe soti pami bagay sa. Ou wè? Ou pap janm fè l; y ap kontinye rale vwal sa mete l devan w, a chak fwa, “O, pa gen anyen nan Sa.” Men la Sa ekri, e la Sa te manifeste, ou wè. Ou wè?

²⁵¹ Bon, kisa k t ap rive si yon endividi ta refize gade solèy la, pou ap di, “O, bon, m konnen Bondye di, ‘Ke limyè fèt,’ men sa pa egziste. M ap desann nan sousòl kay la. M—m ap jis refize gade l”? Nonm sa pèdi tèt li. G on bagay ki pa mache avè l.

²⁵² G on bagay ki pa mache ak yon nonm oswa yon fanm, ki ka wè pwomès Bondye a epi, wè L manifeste, e apres a refize kwè L paske denominasyon tire vwal la desann. Ou wè, yo vwale!

²⁵³ Pou sa ka fèt, vwal tradisyonèl denominasyon nou yo dwe brize, ak Lespri Dife Bondye e Epe a, ki se Pawòl Li. Pawòl Li se toujou Epe Li. Ou wè? E Li te pran Epe L jou sa ranpli ak Dife, e

Li te dechire vwal sa depi anwo jouk anba. L ap fè menm bagay la avèk menm Epe a jodi a! Pa “kredo pa m, liv kredo pa m, katechis pa m—pa m.” Men Epe Seyè a, ou wè, ki dechire vwal la desann, pou w wè Bondye ekspoze byen aklè, manifeste nan Pawòl Li. Ala yon pòtrè gloriye pou ap gade! Ou wè? Dakò. Sentespri Bondye ak Dife, Epe Li, dechire l. Pawòl la dechire vwal denominasyon an.

²⁵⁴ Ebyen, si w jis di, “Pawòl la,” e Pawòl la pa mache? A kisa Epe sa ap sèvi la, pou ap di, “Li pa ka dechire l”? Pou ap di, “Aa,” sa pa p dechire l?

²⁵⁵ Men lè w pwente Epe Bondye sa anwo la epi obsève l k ap dechire, li te—li te kenbe ak on men òdone yo te voye pou fè sa. Ou wè, li fann sa, e men Li la. Sa ekspoze Bondye byen aklè, gran Jewova a. Sa se Pawòl Li manifeste, pòsyon ki te pwomèt pou jou a. Èske w sezi L? Ou wè? Lè Epe a, pwomès pou jodi a, nan jou sa, sa ki sipoze fèt la, epi Bondye pran Epe Li pou dechire vwal denominasyon an pou retire l, epi manifeste tèt Li pou ap montre Li la, toujou menm Kolòn Dife sa. Remake, sa se Pawòl ki manifeste pou pwomès jodi yo.

²⁵⁶ Nou wè L menm jan ak Pyè lè l te di, “Seyè, a kimoun nou dwe ale, apre nou fin wè Sa a?” Ki kote pou n ale? Ki legliz nou pral fè pati de li, alòske nou ne nan Youn? Ou wè? Kisa w ka . . . Avèk ki denominasyon ou ka asosye apre w fin konn Verite sa yo, ou wè, alòske yo (yo tout) renye Sa? Yo chak! M pa t jwenn yon sèl ki t ap di oswa fè yon bagay pou Sa. Dakò. Se vre.

²⁵⁷ M te kòmanse ak vwayaj sa yo anba la, kote karant de legliz nan yon sèl plas te parene l; lè m te rive la, m pa t gen youn. Yo chak te di, “Li kwè nan sekirite Etènèl.” Sa te elimine legalis yo. Youn te di, “Li batize lan Non Jezi.” Sa te elimine tout rès yo, ou wè. Kifè, youn nan yo te di, “Li kwè nan semans sèpan an. Sèpan an pa gen okenn semans!” Sa te elimine . . .

²⁵⁸ Bib la di, “M va mete inimitye ant Semans fanm lan e semans sèpan an.” Ou wè? Ou wè la?

²⁵⁹ Sa, vwal sa—sa, te leve sou Pawòl la. Ou wè? Se vre. Sa revele pou timoun piti. Sa—sa leve. Yo wè L. E y ap wè L, jan yo te di on fwa . . . Se vre. Alò sa va fèt, tankou sa te di yon fwa, “Lè ou wè,” lè vwal sa te soti sou Pawòl la, tradisyon te soti sou Pawòl la, jan Jezi te di yon fwa, “Lè nou wè M, nou wè Papa a.” Ou wè? Bondye ak Pawòl Li se youn. Kounye a nou konprann? Lè Pawòl la manifeste, kisa Sa ye? Ou wè?

²⁶⁰ Jezi di, “Sonde Lèzekriti, nou panse nou gen E- . . . Nou kwè nan Bondye, kwè nan Mwen tou. Si M pa fè zèv Papa M yo, alò pa kwè nan Mwen. Men si M fè zèv yo, Mwen ak Papa M nou se Youn. Lè nou wè M, nou wè Papa a.”

²⁶¹ E lè w wè Pawòl la manifeste, ou wè Bondye Papa a, paske Pawòl la se Papa a. Pawòl la se Bondye. E Pawòl la, ki manifeste, se Bondye Limenm ki pran Pwòp Pawòl Li pou ap manifeste

L pami kwayan yo. Anyen pa ka rann Li vivan ke kwayan yo, sèlman kwayan yo. Se pa . . . Sa p ap . . .

²⁶² Ou ka pran ble pou plante l nan yon—nan yon—yon diferan sòt de teren, li pap janm pouse. Men, se kisa, li dwe jwenn on jan de fètizasyon nan tè a pou fè ble a pouse. E si pa gen—si gen . . . si fètizasyon an nan tè a pa la—pa la, ble a pap jème avèk fètizasyon sa, li pap janm pouse. Kifè pe enpòt kote Pawòl la tonbe, si L pa tonbe nan bon kalite kè a . . .

²⁶³ Jezi te di sa. “Genyen ki te tonbe sou kote, nan teren ki gen wòch, e zwazo nan syèl yo te vini epi manje yo.” E apres a Li di, “Genyen ki te tonbe pami epin ak pikan, ki te pouse epi toufe yo menm kote a,” tradisyon, denominasyon, sousi mond lan te toufe L. Men Li di, “Genyen ki te ale nan bon tè e yo te pote fwi pa santèn,” te di, “sa se Wayòm Bondye a.”

Se menm bagay la, ou wè, genyen ki p ap kwè ditou.

²⁶⁴ Genyen k ap kwè pou yon ti tan, tankou disip yo. Yo t ap swiv Li, anpil ladan yo, swasann dis t ap swiv Li pandan dèzane, pou yo te jwenn kichòy; apeprè ennan edmi, ou de; jis pou yo te jwenn kichòy, jiskask yo te ka jwenn yon bagay nan Li, kèk . . . tankou yon fason Li te gen kèk pouvwa pou ap fè bagay sa yo, oswa tankou yon trik ak pat lapen, yon sòt de majisye, sa L te ka fè pou opere bagay sa yo, kijan L te fè ka konnen sa k nan kè moun yo ak sa yo t ap panse. E finalman yo te dekouvri Li te di ke Li “te desann sot nan Syèl,” Li “te Pawòl la Limenm.” E lè yo te tand sa, sa te twòp pou yo. Yo te di, “Pèsonn pa ka konprann Sa a.” E yo te elwaye yo de Li. Sa se sila yo ki te tonbe pami epin yo.

²⁶⁵ Sa te abouti a menm bagay la, nan chak kongregasyon, ou gen dè swadizan kwayan, dè enkwayan, epi dè kwayan. Sa nan chak kongregasyon. Ou jwenn yo tout tan. Kèk ladan yo konpòte yo tankou yo se kwayan, sa se kategori ki pi mal la. E apre yo gen sa yo ki se dè zenkwayan an reyalite; li pap deranje w, l ap jis al fè wout li pou ap sekwe tèt li. Men sa ki swadizan kwayan yo, ki di yo se kwayan, se tip sa, sa se kategori ou dwe siveye a, swadizan kwayan sa yo. E apres a gen kwayan otantik yo. Ou wè twa kategori yo la?

²⁶⁶ Te gen enkwayan yo. Osito ke Li te di: “Manje Chè Fis de lòm lan,” o, monchè, se te fini!

²⁶⁷ Lòt yo se te dè swadizan kwayan. Yo te rete jiskask, jis tankou Jida te fè, jiska lafen.

²⁶⁸ Men apres a vrè kwayan an, yo pa t ka eksplike L, men yo te kwè L, kanmenm. Yo te kontinye nèt ale.

²⁶⁹ Vwal la, tradisyon enkwayan yo, te soti, ou wè Bondye. Lè vwal tradisyon an te soti, ou ka wè ke Bondye se toujou Bondye Pawòl Li. Li toujou kenbe Pawòl Li. Li se—Li se Bondye sa, Otè Pawòl Li.

Sa kache dèyè vwal ak po yo, pou lòt yo. Wi, se vre. Pou sa yo ki pa ka al dèyè vwal la, Li toujou dèyè vwal ak po yo.

²⁷⁰ Remake. Aprea, noumenm, lè sa nou vin yon pati de Li, menm jan ou se vwal ki vwale L la. Ou fè pati de Li, osi lontan ke Kris nan ou, tankou Kris te soti nan Bondye. Paske Bondye te nan Li, te fè de Li Bondye. E kòm Kris nan ou, esperans Laglwa, ou vin yon pati de Kris. “Sila ki kwè nan Mwen, zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou.” Ou wè? Ou vin yon pati de Kris toutotan Kris kache nan ou. Alò li vwale pou enkwayan an, men ou konnen Li nan ou. Ou se tanp ki kontni Kris ki dèyè vwal la, po a. Alò nou, paske- . . . Dèyè, poutèt vwal sa, vwal la ankò nan lachè imen, ap kache Bondye (Pawòl la) pou enkwayan an.

²⁷¹ Tankou sa ekri a, ou wè, “Ekri, ou se dè epit ki ekri,” Bib la di l. Bon, kisa yon *epit* ye? Se yon “pawòl ekri.” E ou se lèt “ekri”. Nan lòt mo, ou te ka li L konsa, “Oumenm,” Sa te di, “ou se epit ki ekri,” oswa, “ou se Pawòl la, ki te ekri, ki manifeste,” anyen pa ka ajoute sou Li. Ou pa ka di: “Mwen se yon lèt ekri,” epi ap viv yon lòt jan de bagay ke *Sa a* ki te deja ekri, paske anyen pa ka ajoute oswa retire.

²⁷² Pandan Doktè Lee Vayle ap ekri liv ekstraòdinè sa a, mwen vle w wè l apre yon ti tan. Frè Vayle isi a, li sou plas kèk kote. Mwen te wè l deyò a. Mwen pa kwè li ka antre. Men l ap travay sou yon liv la, e—e se trè rmakab, konsènan Aj Lawodise a. E mwen vle w . . . L ap sot nan enprimri trè byento. Kifè, n ap fè dènye lekti revizyon sou li kounye a. Epi li t ap ekri, e nou t ap pataje sou Sa anndan an, ou wè, apwopo de . . .

²⁷³ Tout moun toujou vin kote m, pou ap di, “Frè Branham, sèt tonè sa yo ke vwa a te gwonde a, pou L te di, ‘Pa ekri L, ou wè, men sele L,’” li te di, “se va sèt tonè yo ki dwe revele nan dènye jou yo, ou wè, sèt tonè ki va di nou?” Kounye a, èske sa pa sonnen vrèman byen? Ou wè? Men siveye de kisa w ap pale lè w di sa.

Li di: “Piga w ekri L.” Ou wè? Sèt tonè sa yo gwonde vwa yo, ou wè, epi Li di: “Piga w ekri sa, ou wè, men Li dwe sele nan Liv la jouk nan dènye jou yo.”

²⁷⁴ Kounye a gen yon moun, anpil moun t ap di m, epi teyolojyen yo di: “Frè Branham, si Bondye Seyè a . . .” Te di, “Si—si . . . Avèk eksperyans ou, ke Senyè a ba ou pou pèp Li,” avèk imilite li t ap di, “ou ta gen dwa ekri yon—yon Bib oumenm, Pawòl ou, si Bondye ta manifeste.”

²⁷⁵ M te reponn “Sa te ka vre.” Ou wè, li t ap eseye pyeje m. Ou wè? M te reponn, “Men, ou wè, m pa t ap ka fè sa.”

Li di: “Poukisa ou pa t ap kapab? Ou gen tout kalifikasyon yo.”

²⁷⁶ Mwen di: “Men, gade, yon sèl mo pa ka ajoute oswa retire.” Ou wè?

277 E li di, “Ebyen, la, sèt tonè yo, ou wè,” li te di, “èske sèt tonè yo pa t gwonde, èske sa se pap yon Revelasyon ke y ap bay on moun?”

278 8 M te di, “Non, mesye, se t ap ajoute yon bagay a Sa oswa retranche Yon Bagay de Sa.”

279 Tout bagay la te revele anndan La, e Sèt So yo te louveri revelasyon kisa Sa te ye. Se sa l te ye. Ou wè, sa toujou nan Pawòl la. Ou wè, ou pa ka soti nan Pawòl sa. Sa pap kite Pawòl la. E Lespri Bondye pap janm kite Pawòl sa. L ap rete drèt ak Pawòl la; ap avegle kèk, pou louveri jye lòt. L ap toujou fè sa.

280 “Nou se epit ki ekri, ke tout moun ap li.” Oswa ou se . . . M ap tradui Sa, vire l tounen nan sans sa, ou wè, jis vire L bò, “Nou se epit ki te ekri yo,” paske ou pa ka ajoute anyen sou Sa, “sa ke tout moun te li; Pawòl manifeste Bondye a,” nan lòt mo.

E Pyè ak Jan, pou pwouve l, lè yo te ale anwo la, yo te remake ke yo te inyoran e iletre, yo pa t gen okenn edikasyon, men yo te remake ke yo te mache avèk Jezi. Ou wè? Yo te inyoran e iletre, men yo te epit ekri, ou wè, sa te li ke yo te mache avèk Jezi. Paske, Jezi t ap manifeste tèt Li atravè yo, Kris te vwale nan chè yo; te manifeste, te vin vivan.

281 Tankou L te ye nan Moyiz. Lè Pawòl la te nan Moyiz, li te Bondye nan lachè. Lè L te nan Jezi, Se te Bondye nan lachè. Ou wè? Sèl bagay Li te fè se te chanje mask Li, pa Pawòl Li, pa nati Li. Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Li te sèlman chanje fòm Li. Li te chanje de Noye a Moyiz; Li te chanje de Moyiz a David; soti nan David, vin Jozèf; ap desann jouk Li te vini nan plenitud Divinite a nan yon kò. Ou wè?

282 Se toujou menm Bondye a! Amèn. Amèn. Mwen espere ke sa pase. Ou wè? Se menm Bondye a, men Li jis pran yon lòt vwal. Ou wè, Li mete yon lòt vwal.

283 Li te fè l nan refòmasyon yo, te pran yon vwal, te pran yon lòt. Jouk, finalman, Sa te rive desann atravè aj Litè a, atravè lòt aj yo, apre sa finalman Sa te soti antre nan sa k Konplè a. Jis anvan L te vini, yon pwofèt te sisite ankò. Kisa sa fè, li prefigire Pawòl la, ap montre la ankò, ap revele sa k te fèt, sa yo te mete a kote, ke Legliz la ap vin san . . . pa san bon konprann. Apre sa lè sa va diminye, alò, tankou Jan te di, “Mwen dwe diminye, Li dwe ogmante,” alò tout bagay la nèt san mank ap vini nan Li. Li manifeste konplètman, atravè Luther, Wesley, ak aj Pannkotis la, epi ap kontinye, desann, Li manifeste konplètman, ou wè, ap desann, jis manifestasyon an, Bondye k ap deplwaye: Gade L (Kounye a, remake.) ki te akonpli nan pwomès Li yo pou jou sa a, jan yo te genyen l lan.

284 Kounye a Moyiz te Pawòl la jou sa a, paske yo te ba l Pawòl la pou jou sa a; Moyiz. Jozèf te Pawòl la nan epòk li a, t ap reprezante Kris egzaktman. Ou wè, yo chak te Pawòl la.

²⁸⁵ E lè Jezi te vini, Li te Pawòl la nan plenitid Li, paske tout plan redanmsyon an te repoze sou Li. Tout plan redanmsyon an pa t repoze sou Moyiz, sa pa t repoze sou Jozèf, sa pa t repoze sou Eli. Ou wè, yo te sèlman yon pati nan Pawòl la, ki t ap pwente nan direksyon L. Ou wè? Kounye a remake, gade panse w; men Li k ap vini, jan m di a. Ou wè, tout plan an nèt pa t nan yo. Yo t ap endike L.

²⁸⁶ Kidonk, apre Li, se Plenitid la, nou pa ka endike yon lòt bagay. Sa pwente retounen a Li, Pawòl la. *Sa a* se Revelasyon konplè a; anyen pa ka ajoute oswa retire nan Li. *Men* Revelasyon konplè a. Tou sa yo, se te lonbraj Li ki t ap vini; men lè L te vini, Li te sa k Pafè a. Ebre 1: “Bondye nan tan pase yo te pale ak zansèt yo atravè pwofèt yo,” Bondye te pale atravè vwal yo, pwofèt yo, “men nan dènye jou sa yo se atravè Pitit Li a, Jezikri.” Men ou. Pitit Bondye a, ki te devwale laba a sou Kalvè a, devwale.

²⁸⁷ Remake, “te rann vivan.” E, jodi a, lè Pawòl la manifeste nan veso imen, vwal yo, se absoliman Pawòl la ki akonpli nan jou sa, ki retounen al jwenn Bondye. Poutèt yo batize nan Li, dapre Premye Korent 12, nou vin idantifye avè L. Amèn.

²⁸⁸ Mwen te di yon demi èdtan ankò, men èske m ka pran jis yon ti kras pi lontan? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Ou wè? Gade, M jis pa ka pase sou sa jis la. Remake, idantifye avèk Li!

²⁸⁹ Kounye a remake. Konbyen sitwayen Ameriken ki isi a? Leve men nou. Dakò, ou se yon sitwayen Ameriken, alò ou idantifye ak nasyon sa. Kèlkeswa sa nasyon sa ye, ou dwe sa. Èske se vre? Ou se tout glwa li e ou se tout wont li. Ou idantifye avè l. Ou se yon Ameriken, kifè ou pote chay Amerika. Alelouya!

²⁹⁰ Mwen te avèk George Washington lè l te travèse Delaware. Mwen idantifye avè l. Se vre. Mwen te avèk Abraham Lincoln nan Diskou Gettysburg la. Mwen te kanpe la. Mwen te avèk sòlda yo nan Guam, nou menm ti mesye yo, lè nou te monte drapo sa. Mwen te la. Mwen se Ameriken; Mwen idantifye avè l. Amèn. Kounye a, pou m ka yon Ameriken, kèlkeswa sa wont li ye nan Revolisyon an, mwen sipòte l, paske mwen se yon Ameriken. Se vre.

²⁹¹ E antanke Kreyen, mwen idantifye avè L. Amèn! Mwen te avèk Noye lè l te antre nan lach la. Mwen te avèk Moyiz lè l te soti kite Lejip. Amèn! Mwen te Eli sou Mòn Kamèl la. Wi, mesye! Glwa pou Bondye! Mwen te avè l lè l te fè sa. Mwen te avèk Li tout bon, mwen idantifye tèt mwen nan lanmò Li la sou Kalvè a lè m te mouri pou bagay mond lan, pou tèt mwen ak tout tradisyon yo. Mwen te idantifye avè L. Mwen te idantifye avèk Li nan maten Pak la lè L te resisite pami mò yo. Mwen te idantifye avè L Jou Pannkot la, lè Sentespri te desann tankou yon gwo van vyolan pwisan. Mwen te idantifye avè L. Tout sa L te ye mwen se sa, tout sa mwen ye Li te sa; amèn, kòm nou mouri nan Li nou idantifye avè L. Sa Li ye mwen se sa. Amèn!

292 Sa nasyon sa ye mwen se sa. Mwen fyè dèske m se sa. Mwen prè pou m pote wont li. Mwen prè pou m pote repwòch dèske m Ameriken. Se vre. E mwen double sa pou Jezikri! Tout sa L te janm ye mwen se sa. Mwen renmen idantifye avè L.

293 Apot yo, lè yo te retounen, yo te panse. . . yo te moke yo, e yo te rele yo tout lòt bagay, yo te panse se te yon gwo lonè pou ap pote repwòch pou Non Li.

294 Mwen kontan jodi a pou m se youn nan yo, poutèt mwen idantifye ak Pawòl la, ki se Kris. Idantifye avè L! Poutèt nou batize nan Li, nou vin idantifye; idantifye nan resanblans Li, idantifye ak Pawòl Li, ki se Limenm. Si mwen nan Kris, mwen se Pawòl Li; paske Li se Pawòl la, e sa L ye a mwen se sa. Amèn! Èske w sezi L? Dakò.

295 Pawòl la manifeste, oswa revele nan Revelasyon sa anndan la, alò kisa sa fè de mwen? Si L se Glwa Chekina sa, mwen fè pati de Sa. Amèn! O! Amèn! Se vre. Pawòl la Limenm revele, k ap revele tèt Li.

Panse! Mistè Bondye yo ki revele pou nou nan jou sa a, pa menm Mesaje Selès ki te revele pou yo nan jou sa yo; remake, menm Kolòn Dife ki te voye Moyiz la; menm Kolòn Dife ki te sou Moyiz ki te ekri Bib la; menm Kolòn Dife ke Pòl te rankontre sou wout li ap desann pou al lavil Damas.

296 E Pòl te ekri Nouvo Testaman an. Sonje, Matye, Mak, Lik, ak Jan, yo te sèlman ekri sa yo te wè; men Pòl te gen Revelasyon an. Li te rale L soti, paske l te rankontre Kolòn Dife a, limenm. Epi panse, menm bagay la. . .

297 La, Joseph, yo tout te ekri sa k te rive, tout moun te ekri nan epòk sa. Men lè Moyiz te vin sou sèn lan, li te gen Revelasyon an. Li te rankontre Kolòn Dife a, e Sa te revele bay Moyiz kijan Jenèz. Li te ekri kat premye liv Bib la, Moyiz te fè sa. Èske se vre? Paske li te rankontre Bondye sou fòm Kolòn Dife a, vwale nan Kolòn Dife a.

298 Lè Pòl te rankontre L sou wout la. . . Disip yo te jis ekri sa yo te wè L ap fè, men Moyiz te gen Revelasyon an; li te desann an Ejip pandan twazan epi li te etidye, pou wè ke Bondye Ansyen Testaman an se te Jezi nan Nouvo a, Revelasyon an! “Mwen pa t dezobeyi a vizyon Selès la.” Se vre. Dakò!

299 Epi panse a Sa! Menm Kolòn Dife a ki te vin sou mesye sa yo ki te ekri Bib la, se menm Kolòn Dife sa isi a, jodi a, k ap entèprete Bib la. Amèn! Ala nou remèsye L pou sa! Menm lan! Ala yon konsolasyon! Ala yon idantifikasyon! M tèlman kontan pou m idantifye ak sa, m pa konn kisa pou m fè! Mwen ta prefere idantifye ak Sa pase tout Batis, Metodis, Presbiteryen, Literyen, ak tout rès ladan yo. Idantifye ak Pawòl sa a kote Glwa Chekina sa ak Revelasyon repoze!

³⁰⁰ Kolòn Dife a k ap parèt vizib nan mitan nou, k ap idantifye ke Mesaj la kòrèk, tankou L te fè l sou Mòn Sinayi. Sonje, anvan vrè mesaj la te vini, Moyiz te preche e li te kondui yo soti kite Lejip; men la, anvan vrè kòmandman yo te tabli (So yo te entwodui), Bondye te desann devan moun yo e Li te pwouve ke se Li ki te voye Moyiz, (se vre?) nan yon Kolòn Dife ke Moyiz te di li te wè nan yon touf bwa ap pale avè l.

³⁰¹ O, nan dènye jou sa yo, pou w ap gade menm Kolòn Dife sa drèt pami nou, ap pwononse menm Pawòl la; non sèlman sa, men ap entèprete L nan manifestasyon L, pou ap pwouve L, Se Laverite.

Kifè, moun yo pa gen yon sèl rezon pou yo pa kwè, ke si yo jis pa vle pa pwòp volonte yo. E, alò, “Sila ki fè espere peche apre li fin gen konesans Verite a, pa gen okenn sakrifis ankò ki rete pou peche.”

³⁰² Remake, menm Kolòn Dife ke yo te voye bay Moyiz ak Pòl, ki te ekri Bib la, te voye kounye a pou revele L. Gras Bondye, Bondye ki pa chanje a, k ap akonpli pwomès Matye 28 la: “Gade, Mwen avèk nou tout tan”; ap akonpli Jan 14:12: “Zèv ke m fè yo, nou menm tou”; pou ap akonpli Lik 17:28-29: “Nan dènye jou yo Fis de lòm lan va revele,” ou wè, ou wè; Malachi 4: “Gade, M ap voye Eli pwofèt la ba ou, ki va restore Fwa moun yo tounen nan Pawòl orijinal la.” Ou wè? Kijan sa . . . Ou wè? O, la la!

³⁰³ Li te mouri, pou revele tèt Li pou nou. Kounye a annou mouri pou tèt nou, pou revele L bay lòt yo. Annou mouri pou tradisyon ak bagay yo, pou revele L bay lòt yo. Mouri pou denominasyon yo, pou revele L bay lòt yo.

³⁰⁴ Remake, ansyen tanp lan te gen ladan L Glwa Chekina a, ak Limyè Chekina a sou Pawòl la. Pawòl la se yon Semans; Li te pote pen pwopozisyon an pou kwayan yo sèlman. San an te sou alyans lan tou; e San an se dlo a, dlo ki bay grenn lan lavi, ble a, semans lan, ki se Pawòl la.

³⁰⁵ Tankou Jezi te di: “Menm jan Moyiz te leve sèpan an kwiv la,” e apre ankò Li te di: “Bondye tèlman renmen mond lan ke Li te bay sèl Pitit Li a; nenpòt moun ki kwè nan Li p ap peri.” Moyiz te frape wòch la nan dezè a, pou sove yon pèp ki t ap peri, oswa pou te bay dlo. Bondye te frape Jezi, pou fè Lespri soti nan Li, pou yon pèp k ap peri. San an te soti nan Li, ki se, “Dlo pou lave ak Pawòl la.” Ki se, Dlo ki pote Lavi bay Semans lan. E sa te pote Glwa Chekina a; ki t ap briye sou Pawòl la, ki te mennen pen pwopozisyon an. E pen pwopozisyon an te sèlman pou yon pèp chwazi. En-hen. Se vre?

³⁰⁶ Kounye a n ap antre anndan vwal la, atravè vwal la, nan Prezans Li, kote Pawòl la (pa kredi a), Pawòl la; la a ap gade Glwa Chekina a, Chekina a, Pwisans lan, Sentespri a k ap briye sou Pawòl la, k ap mennen pwomès la, ki montre ke ou dèyè vwal la. Amèn!

Mwen travèse vwal ki fann lan kote Glwa a pa
 janm fayi, (Uh!)
 Alelouya, Alelouya;
 M ap viv nan Prezans Wa a.

Mwen travèse vwal ki fann lan kote Glwa a pa
 janm fayi,
 M ap viv nan Prezans Wa a.

³⁰⁷ Vye po blewo a, denominasyon yo, te dechire. Mwen te pase atravè sa, nan Glwa Chekina a, e mwen wè Pawòl la. Mwen wè Kolòn Dife a ap bouje. Mwen wè Pawòl la manifeste. Sa L te di Li t ap fè nan dènje jou sa yo, mwen wè l ap grandi. M wè timoun yo k ap manje Pen Chekina sa ki soti nan matirite Pawòl sa, ki kwè Sa. Amèn! Ala yon tan mèveye n ap viv ladann lan! Ou wè, Chekinaa a te anlè Pawòl la; epi anba ou te jwenn Pen an. E te gen San an, ki te aspèje, sa ki te ba L dlo. Lespri bay Pawòl la Lavi. E . . .

Konbyen moun ki te li, tande kasèt sou *Pwosè A*? Wi. Anpil nan nou te tande l. Ou wè la, sa pran . . .

Pawòl sa dwe grandi. Pou l grandi, Li dwe nan bon kalite tè a. Ou wè? E Bondye fè yon pwomès, e li frape kè sa, li pa ka fayi.

³⁰⁸ Noye te tann san ventan. Abraham te tann vennsenkan, pou timoun lan. Bondye te di sa, e sa te regle. Ou wè? Kisa sa ye? Pawòl la te la pou yo te wouze l pa lafwa, pou ap kwè L, li te pote rezilta. Li te bay yon pitit gason; li te fè lapli soti; li te mennen inondasyon an; li te bay vyèj ki te vin ansent lan.

³⁰⁹ Yon pwofèt te di: “Yon vyèj va vin ansent.” Pa gen dout ke chak ti jenn fi t al prepare rad bebe pa l. Ebyen, pwofèt Ezayi sa te yon pwofèt idantifye, ke Bondye te konfime. E Seyè a di: “Yon vyèj va vin ansent. Mwen pral ba yo yon siy sinatirèl, yon gwo siy; yon vyèj va vin ansent.”

³¹⁰ La a, tout moun sa yo, kwayan yo, yo jis tankou nou tout. Epi yo te tande pwofèt sa di sa, chak ti fi. . . Chak gason te di: “Sa pral pitit fi m lan. Wi, mesye.” Tout moun t al achte ti chosèt bebe ak leyèt ak tout bagay konsa, pou ap prepare yo, paske yo te konnen manzè ta pral fè l. Jenerasyon sa te pase, e yo te panse: “Pwofèt idantifye sa, ke Bondye konfime, kijan li te ka fè di yon bagay ki fo? Sa dwe fèt konsa!”

³¹¹ Se te uisan lane pita, kanmenm manzè te pote bebe a. “Syèl la ak tè a va pase, men Pawòl Mwen p ap pase.”

³¹² “E sa va rive nan dènje jou yo,” Bondye di. Ou wè, men nou, Limyè a—a sou Pawòl la. Menm jan limyè solèy la chanje semans lan de glwa an glwa, nou menm tou nou te vin—vin pi plis tankou L pandan n ap viv nan Prezans Li; tankou L, ap konfòme a imaj beni L lan pandan n ap mache avè L.

313 Gade sa solèy la fè. Ou plante yon semans, kisa k rive? Semans sa pouri. Anndan semans lan gen yon vi. Vi a vini epi li pouse yon tij. Bon, sa pa sanble ak orijinal la.

Sa se Luther. Se te yon tij. Dakò.

Tij la te kontinye epi, premye bagay ou konnen, li te pote yon gous. Ou wè, se te revèy Wesleyen an; li pa t tankou lòt la.

Après revèy Pannkotis la te vini, ou wè, li te pote batèm Sentespri a. Dakò.

Sa k te rive? Nou te vin gen chanpiyon nan zòrèy. Sa te kòmanse parèt fo. Bagay *sila*, bagay *sa*, li pa sanble ak Pawòl la. Li pa tankou rès La. Se pa tankou Grenn orijinal ki te antere a.

314 Men Bondye toujou la pou fè sa—sa jis menm jan an. Remake, kisa sa fè? Li finalman retounen vin Semans orijinal la ankò. Lè L te vini sou fòm Martin Luther; lè L te vini sou fòm John Wesley; lè L te vini sou fòm Pannkotis la; Li sipoze revele tèt Li ankò tankou menm Semans lan te antere a, Fis de lòm lan. Li te revele tèt Li antanke Fis de Dye, atravè aj tij la e latrèye, men nan dènye aj sa Li dwe revele tèt Li antanke Fis de lòm ankò. Ou sezi l? Dakò, menm modèl, tankou kòmansman an!

315 E kisa tij sa fè pouse? L ap pouse tout tan. Ti tij sa ap pouse, li toujou pa tankou grenn orijinal la. Mesaj Luther a non plis; non, men lòt mesaj yo—yo, Finney, Sankey, Knox, Calvin, ap vini, okenn nan yo. Yo te toujou mesaj la men, sa sa te ye, yo pa t gen Revelasyon konplè sou Sa paske se pa t tan an. Ou pa ka mete zòrèy la nan mayi a anvan lè a rive. Ou wè? Epi après, finalman, men Semans orijinal ki te antre nan tè a ki te retounen ankò.

316 Ou wè, Bondye swiv lanati egzakteman. Ou wè, Li te ne yon ayo, se pou rezon sa Li te fèt nan yon manjwa. Ayo pa fèt sou kabann. Ou wè, yo te *kondui* L sou Kalvè a. Ayo a, brebi a ou kondui l. Se vre. bouk kabrit la kondui yo nan labatwa, ou konn sa, nan yon plas labatwa. Yon bouk kabrit kondui yo, men ou oblije kondui yo. Huh! Se vre. Kidonk yo te kondui L nan labatwa, ou wè, paske Li te yon Ayo.

317 Tout bagay idantifye L nan lanati. Se pou rezon sa Li te fèt nan mwa Mas oswa Avril, pa an Desanm; Li pa t ap kapab, paske gen ven pye nèt anwo la nan epòk sa nan ane a. Pa gen okenn bondye solèy, men Li te Pitit Bondye a. Ou wè? Dye solèy Women jou vennsenk Desanm lan, lè solèy la pase nan plas li la epi yo te gen sik amizman Women yo, epi yo te rele sa anivèsè nesans bondye solèy la, e yo te chanje l pou fèt Pitit Bondye a. Non, non. Li te Pitit Bondye a. Anivèsè nesans li te ale ak rès lanati. Egzakteman.

Bon remake ankò la pandan n ap avanse, nou gen yon ti tan ki rete.

318 Kounye a pou pran tip pafè a. Apre tij la te fin fòme; apre glann lan te fin fòme; apre grenn lan te vin nan epi an; lè sa li dwe atenn pèfeksyon, pou retounen yon grenn regilye ankò.

Epi, sonje, grenn lan dwe jème. Ou wè? Si l pa fè sa, li p ap viv. Ou wè? Anyen nan sa k te deyò mesaj sa yo p ap janm vin gen Lavi. Li dwe jème pou rive vin Sa. Men, sonje, menm Vi ki te nan tij la nan grenn lan. Li jis ap vin pi mi pou tèt li dirèkteman, ou wè. Li te revele tèt Li, (kòm kisa?) Fis de lòm, grenn ki te antre nan tè a. Nou sezi Mesaj la?

Grèk yo te di L: “Nou ta vle wè Jezi.”

319 Li te di: “Amwenske grenn mayi a tonbe nan tè a.” Ou wè? Dakò.

320 Kounye kòm kisa Li te revele tèt Li apres a? Nan yon fòm diferan; tij ak glann, e latriye, ak tout fèy yo ak tout bagay. Li te revele tèt Li lè sa, (kòm kisa?) menm Espri a, men sou yon fòm diferan. Ou wè? Men kisa k te vin an dènye nan mayi sa? Li te retounen vin grenn orijinal la. Èske se vre?

321 E ministè Li te vini, apati de refòm sa yo, pou retounen nan Pawòl orijinal la ankò. Pawòl la vin jwenn yon pwofèt. E Li te pwomèt sa, nan Malachi 4: “E pou restore Fwa moun yo tounen nan grenn orijinal la.” Sa k te antre nan tè a vin la menm bagay la. Grenn lan te pouse monte atravè sa la. Li te pouse antanke Fis de Dye, kounye a Li revele tèt Li la antanke Fis de lòm, e apres a Li revele tèt Li antanke Fis de David sou Twòn lan. Ou wè, twa Fis sa yo, jis egzakteman. O, la la, ankò tankou orijinal la!

322 Kounye a nan ministè pafè pou tèt Li a; pa yon nonm kèlkonk, pa kèk denominasyon, jan yo te bati yo atravè aj sa la, ou wè; men Limenm manifeste, ap manifeste tèt Li dapre pwomès la, pou ap reyalize Sen Lik 17:28, Malachi 4, e latriye, Ebre 13:8, jis egzakteman kòrèk. Nan moman sa, ki lè sa ta dwe ye? Alòske Semans wayal Abraham lan ap chache Fis ki te pwomèt la. E ke tout tip yo dwe akonpli. Epi Bondye Limenm te parèt sou fòm yon èt imen, pou semans natirèl Abraham lan, anvan destriksyon an, e Jezi te di se t ap menm bagay la pou Semans wayal sila anvan Fis ki te pwomèt la retounen.

323 Remake vye vwal ki te kache Glwa sa. Vye po blewo yo, pa t gen okenn bèlte nan li ke w te ka dezire; ni chè Li non plis. Se pou rezon sa a moun yo di: “Yon vyek ti Kamarad zèpòl koube konsa?” Petèt trantan, ak cheve blan, epi bab blanch Li yo, pa t gen gran choz pou w ap gade. Bib la di: “Pa gen okenn bèlte nou ta dwe dezire nan Li.” Li pa t sanble a yon Wa, vye po blewo a, men, o, sa k te anndan an!

324 Epi yon ti gwoup “sen eksite” ki chita ansanm nan yon bilding cho konsa, dapre jan yo rele yo a, pa gen anpil bèlte pou w dezire, men sa k anndan an! Mwen sèten li vwale pou anpil kè, ou wè. Ou wè? Dakò.

325 Sou deyò Li pa t anyen, men tout bagay la te anndan an. Yon fwa w anndan L, alò ou wè Li. Kijan w antre nan Li; nan bay lanmen, nan asosyasyon? Non. ou ne Ladann. Nan mouri, nan debarase w de vye po blewo w la, ou wè, vye pwòp tèt ou a, pou antre nan youn ki nouvo. Ou wè? Abandone vye po blewo a.

326 Limyè Chekina a pa . . . Tande, minis yo! Minis yo, mwen vle nou koute Sa. Yon fwa ou anndan . . . Bon m ap pran sa vrèman trankil, konsa w ap sèten ke w sezi L. Yon fwa w anndan vwal la, anba Glwa Chekina a, Limyè Chekina a pap pran Pawòl Bondye a pou revele Jezi kòm yon “divinò,” non, tankou denominasyon yo fè jodi a, ap di, “telepati mantal, sen eksite, Bèlzeboul.” Glwa Chekina a pa revele L konsa.

327 Men Glwa Chekina a rann Semans lan ki te pwomèt la mi pou lè sa, nan Pawòl la, pou ap montre Li toujou rete Lis nan Vale a. Li pote Semans sa, Lis nan Vale a, Pen Lavi a, Alfa e Omega, menm bagay la ayè, jodi a, e pou tout tan. Li se pòsyon kwayan yo. Glwa Chekina a ap revele, pou kwayan an, Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.

328 Pa, “Jou sa yo, Li pase, e Li te mouri e tout bagay fini.” Kifè zanmi, si w kwè sa, si w kwè sa, ou pa t janm atenn Glwa Chekina a. Kijan Laglwa Chekina a ka janm revele L an twa pèsòn? Ou wè? Kijan Glwa Chekina a ka janm revele L ak fè moun yo, batize, nan non “Pè, Fis, e Sentespri,” tandiske pa janm gen yon moun nan Bib la ki te batize fason sa? Kijan Glwa Chekina a te ka limite L bay yon sèl apot, tandiske Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan? Ou wè?

329 Glwa Chekina a ap manifeste L. Li pote Pawòl pwomès la, drèt devan nou. Se pou rezon sa ke Li te oblije vwale figi Moyiz, paske nan li Pawòl la te la. Li te vwale Jezi, antanke yon ti Nonm enb, pou anpeche yo wè Jewova. E Li vwale tèt Li jodi a, nan veso terès, ak Chekina a. Deyò a sanble ak yon bann sen eksite, vye po blewo, men anndan an kache Glwa Chekina a.

E Li mennen Pen Pwopozisyon ke n ap rejwi a nan matirite, pou ap travèse peyi a, dè santèn kilomèt ale, ou wè. Se Nouriti kwayan yo. Se sèlman pou kwayan. Sonje, Pen Pwopozisyon an se te pou kwayan an sèlman, ou wè, Semans Pen Pwopozisyon an. Remake. Kisa sa fè? Glwa Chekina Sa a, sou Pen Pwopozisyon an, te anpeche L gate.

330 Sonje, lamàn ki te soti nan Syèl la, li te rete nan Glwa Chekina a, de jenerasyon an jenerasyon. Aleksteryè, vè te pran ladann, jis pandan yon nwit, li te kontamine. Èske se vre?

331 Andeyò Glwa Chekina a, se “Jou mirak yo pase. Ou wè, tou sa se fanatik.” Men alenteryè. . .

332 Gade, yo te pran kèk semans flè tounesòl ki te soti nan yon grenye nan peyi Lejip ke yo te mete la nan epòk Jozèf yo, kat mil an, prèske, pase. Jozèf te mete yo nan grenye a. Yo te plante yo. Yo te pran vi. Poukisa? Yo te gen lavi.

333 Kisa Glwa Chekina sa ye jodi a? Pou franchi depase vwal la, pou wè Ki Bondye ki kanpe devan w, wè Ki Bondye ki kanpe la devan nou, Kolòn Dife a—a. Li vwale nan lachè imen. Men kisa Chekina a fè, kisa l te fè? Semans Pen Pwopozisyon an, Pawòl ke nou dwe viv de li jou jodi sa a, ak pwomès sa yo, Glwa Chekina a mennen Pen Pwopozisyon an nan matirite, fè L akonpli, fè L vin Pen pou kwayan an; sa k te tabli nan paj Bib la, ane apre ane, Pawòl pou aj sa.

334 Pou denominasyon yo, Se yon wòch pou yo bite. Pou denominasyon yo, yo bite sou Li. Pandan tout ane sa yo, Luther, Wesley, Martin Luther, ak tout moun, Sankey, Finney, John Smith, Knox, yo tout te bite sou Li.

335 Men kisa k dwe fèt nan dènye jou yo? Kisa k dwe “revele”? “Pwodui!” Kisa Malachi 4 oblije fè? Pou detounen moun yo de wòch k ap fè bite sa a, pou kraze plat atè tradisyon yo, epi revele Pen an avèk Glwa Chekina a. Obsève L k ap atenn matirite epi pwodui jis egzakteman sa L te di Li t ap fè a, o, la la, Pen Pwopozisyon an pou aj sa. Pou denominasyon, yon wòch k ap fè bite, “yon bann fanatik.” Men, noumenm ki kwè!

336 Men kounye a jan Apokalips 10 te pwomèt la, “Tout mistè Bondye yo, ki te kache nan nòt anba paj yo atravè ane sa yo, ta dwe mi, pwovoke nan aj Mesaj setyèm anj lan.” Èske se vre?

Kisa L te di, ennan sis mwa pase, dezan egzakteman kounye a? “Ale Tucson; ale nan nò Tucson, yon gwo eksplozyon,” e sa ki ta pral rive, “So yo t ap louvri,” So yo k ap revele bagay sa yo. M te retounen jis jan L te di a.

Kisa sa ye? Sa montre ke Sa pa ka lòm. Li atenn sib la pafètman, jis osi dirèk ke sa ka ye, a chak fwa. Kisa sa ye? Se men Bondye, ou wè, devan nou. E paske se nan yon ti gwoup, vwale nan lachè imen, sa vwale pou mond eksteryè a. Li kache pou mond eksteryè a. L ap revele tèt Li bay ti bebe yo ki vle aprann. Ou wè? Se vre.

337 Chak, ou wè, chak parabòl nan Bib la, chak tip nan Bib la, ap manifeste drèt la devan nou. Menm Bondye a, nan Kolòn Dife a, ki te ekri Bib la, alafwa Ansyen ak Nouvo Testaman an, isit la menm ap manifeste L, ap montre jis egzakteman sa sa te ye, ap entèprete l menm jan an, epi pou rann sa sèten ke se entèpretasyon an.

338 “Nou gen entèpretasyon an!” Alò annou wè sa rive. Ou wè, se sa, annou wè sa manifeste.

339 Manifeste! Jezi di: “Si m pa fè zèv Papa M, pa kwè M.” Ou wè, sa dwe pwouve.

340 Men kounye a—kounye a, se pa pwouve tankou Jezi, yo te mete yon—yon ranyon antoure tèt Li pou yo te frape L nan tèt, ap di: “Si W se yon Pwofèt, di nou kimoun ki te frape W.” “E si

W se Pitit Bondye a, chanje pen sa yo.” Ou wè, sa se dyab la. “Si W se Pitit Bondye a, desann kite sa . . .”

³⁴¹ Mwen vle di, Revelasyon ke L sipoze fè a, se sa Sa ye. Men kounye a, kòm Apokalips 10 revele, mistè Bondye yo te manifeste, te konnen, jan Liv Sèt So a te pwomèt la.

Kounye a kite fwa w nan Sila Ki se Pawòl la . . . Paske, nan Apokalips 10 sa di . . .

³⁴² Oswa, Apokalips 19, pito. Mwen te ekri l la, Apokalips 10, pou m al ladan l; men sa pa 10, se 19. Lè L va vini, yo va rele L, “Pawòl Bondye a,” ap monte sou yon cheval blan, e disip Selès yo va dèyè L.

³⁴³ Brize vwal denominasyonèl edikasyon an! Brize vwal denominasyonèl tradisyon an! Brize vwal sa yo k ap kache L pou ou! Brize vwal fyète sa yo, noumenm fanm yo. Nou se—nou se pitit fi Wa a; ajì antanke sa, viv antanke sa. Brize tout vwal, pe enpòt sa Doktora. an Filozofi. ak Doktora. an Lèt e Literati. di. Si se kontrè ak Bib sa, brize vwal sa!

Paske, nou travèse vwal dechire a. Nou sou lòtbò a kounye a, sou lòtbò a. E ou va wè, si w jis fè sa, brize vye tradisyon ak bagay sa yo, epi vin jwenn Li, ou va wè L kanpe, Konkeran Pwisan an, Pawòl pwomès pou aj sa, manifeste. Ou va wè Bondye Pwisan an devwale, wè L dirèk nan mitan nou la, devwale, Bondye Pwisan an, ke tradisyon pa konkeri.

³⁴⁴ Yo te eseye kache L dèyè la; yo te fè sa, pandan dèzane, men tan pwomès la te apwoche. Bondye te sisite yon Moyiz yon fwa, e li te libere timoun yo de bagay sa yo. E Li toujou . . . yo pa ka konkeri L. “Syèl la ak tè a va pase, men Pawòl Mwen p ap pase.” Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.

³⁴⁵ Yo di: “Sa pa ka fèt.” Men sa te fèt. Alò, lè sa te fèt, yo di: “Sa vin de dyab la.”

³⁴⁶ Men sa pa chanje Pawòl Bondye a, yon tikras. Li toujou rete “Bondye,” pou kwayan an, “Pwisan Konkeran an; menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan,” pa nati Li, pa Pawòl Li, Ebre 13:8.

³⁴⁷ M ap fini, ap di sa, poutèt se senk minit anvan l midi, m ap jis di sa. Mwen gen apeprè dis, douz paj an plis. M a reprann li yon lòt fwa, petèt aswè a.

³⁴⁸ Remake, remake sa. Te gen yon vant ozanchè yon fwa, e yo te gen yon vye vyolon. Ou te tande sa anpil fwa. Yon vye vyolon; epi responsab vant lan di: “Kisa nou ofri m pou li?” Mwen ka pa gen sa jis kòrèkteman, dapre powèm lan. Sa fè dè, e dèzane, men sa vin nan lespri m. Epi yo te ranmase vye enstriman an, li pa t sanble a anyen de gran; te gen yon resanblans tèrib, tout bagay la. Li pa t menm ka jwenn yon òf sou li. Finalman, mwen kwè l te gen yon òf pou yon dola, oswa yon bagay konsa.

³⁴⁹ E te gen yon sèl moun ki te kanpe la ki pa t kwè li ta dwe vann pou pri sa, kifè li te ale epi te pran l. Li te frape l nan men l,

epi li te pran ache pou kòd yo epi te ajiste l, e li te jwe yon melodi. E lè l te fini, tout moun te kòmanse ap rele. Yo pa t janm tande mizik konsa nan vi yo.

Alò responsab vant ozanchè a di: “Kisa yo ofri m?”

350 “De mil!” “Senk mil!” “Dis mil!” Ou wè? Kisa sa te ye? Men mèt la te revele sa k te vwale nan vye enstriman an.

351 Menm bagay kounye a! Vye Liv la, Li an ranyon, yo griyen dan sou Li, boule, moke. Men tan an rive kote yo gen yon vant ozanchè denominasyonèl, Konsèy Mondyal Legliz yo. Y ap vann Li tankou se pa t zafè pèsonn. Gen yon vant ozanchè denominasyonèl k ap vini.

352 Men, sonje, gen yon bagay nan vye Liv la ki te pwomèt ke t ap gen yon men predestine, òdone k ap vini yon jou, ki t ap pran L epi fè Pawòl Liv sa, atravè yon kè predestine, pou fè travay Li te destine pou li a, revele pwomès ki Ladann lan. Sa ka sanble, o, tankou yon bann vye sen eksite, oswa yon lòt bagay konsa; men jis pran men Mèt la, Pawòl la sou Li, pou revele Pawòl sa, e sa vin plis ke yon sen eksite. Li vin sa pou nou chak, èske se pa vre, zanmi? Se pa yon bann fanatik. Sa depann de nan men Kimoun ache pou kòd yo ye.

Annou priye.

353 Papa nou ki nan Syèl la, pa lafwa, jodi sa, mwen wè Mèt vye Liv la, ke yo te twoke pou tradisyon. Yo te chanje L pou denominasyon. Yo te eseye fè komès avè L. Kounye a y ap fè komès avè L pou yon—yon Konsèy Mondyal legliz, lòm, ak kominis, ate. Vant ozanchè ap dewoule, Seyè.

354 Bondye, vin ann avan! Se sèten, W ap fè l. Voye pwofèt sa pou nou, Seyè, k ap pran ache pou kòd sa, k ap pran Pawòl sa a pou pwouve ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan. Anpil, Seyè, pral vann vi pa yo, yo pral jete vye tradisyon yo, yo pral brize vwal yo. Yo vle L, Seyè. Yo va renonse a tout bagay, a tout bagay, jis ba yo Jezi.

355 Seyè, mwen kwè Ou te pwouve L pou yo kounye a. Yo soti tout kote. Yo te depanse tout vi yo. Yo fè tout bagay, pou eseye asiste reyinyon yo, pou fè tout sa yo kapab, paske yo te jwenn Pèl gwo pri sa. Lòt bagay yo piti anpil. Beni yo, Papa.

356 Men etann sou chè sa a, maten sa, Seyè, mouchwa ki etann. Petèt kèk nan yo pral oblije kite jodi a, anvan sèvis gerizon aswè a. O Bondye Etènèl, gade anba. Mwen konnen Ou isi a, Ou vwale. E m ap voye ti vwal sa yo, Seyè, ke yo rele “mouchwa,” ak ti “lenj,” ak ti “chason” pou ti bebe. E m ap voye yo tankou siy ti vwal, ke Pawòl Ou te preche sou yo maten an, e, antanke kwayan, mwen poze men m sou yo, kò m, ki vle di mwen kwè Sa. E, pa lafwa, chak moun nan bilding sa ap fè menm bagay la, Seyè. Ke malad yo geri.

357 Ou ka ajiste Pawòl la—la soti isi a, Seyè, tankou vye vyolinis la te fè pou vyolon an, fè l konsa, Seyè. Fè l jwe melodi ki kòrèk la, ache pou kòd yo nan men Mèt la, alò nou va wè L ekspoze byen aklè.

358 Ala moun sa yo dwe te panse jou sa, lè yo pa t ap ofri anyen, lè yo pa t bay anyen pou vye vyolon an. Yo pa t vle l. Yo pa t ap vle l lakay yo. Men lè yon fwa sila ki te ka metrize l la te ranmase l, alò yo te vann tout sa yo te genyen, pou yo te ka genyen l. Yo t ap fè diskisyon epi goumen pou sa. Li te twò ta lè sa a.

359 Se konsa l ap ye yon jou lè Twonpèt Seyè a va sonnen, p ap gen tan ankò. Sila yo ke yo te meprize epi yo te pase nan betiz, ki te kanpe la devan vwal louvri a pou yo te wè Pawòl Bondye a manifeste (*lòt yo* va rele fò pou Li, men, jan Ou te di a: “Li va twò ta lè sa”), yo te ale nan Soupe Nòs la; e *yo* te kite yo deyò kote yo t ap kriye, ap rele, ak manje dan.

360 Ede chak moun kwè, maten an, Papa; brize tout vwal egoyis, tout vwal enkredilite, pou y ap wè Pwisan Konkeran an devwale devan kwayan yo. Paske, “Gade, mwen avèk nou tout tan, menm jouk nan fen mond lan. Yon ti tan e mond lan p ap wè M ankò, poutan nou va wè M.” Montre tèt Ou pami nou, Seyè, jan Ou t ap fè a. Toujou rete fason sa jiskaske nou vin vizib devan W, lè *en morphe* a te chanje epi Ou te vin tounen Fis de lòm ankò, epi Fis de David. Akòde l, Seyè, nan Non Jezikri.

Pandan nou gen tèt nou bese, tout moun nan lapriyè.

361 M ap mande jodi a si gen moun isi a ki . . . anndan oswa deyò. Pa gen okenn fason pou fè yon apèl a lotèl la, paske pa gen plas. Men m ap mande m, an tout senserite, èske w kwè ke sa se Laverite? Èske w kwè ke jou n ap viv la, ak tout dezòd ak aj syantifik sa tankou l te ye nan epòk Noye yo, nan epòk Moyiz yo, epòk Kris la, ke Bondye, Papa ekstraòdinè nou tout ki ne nan Li yo, kanpe pami nou jodi a?

362 Kolòn Dife vizib sa a ki te pwouve syantifikman, plizyè lane pase, antanke yon ti gason, te pale avè m deyò a la epi te di m ke mwen t ap viv isi a menm, ak sa ki ta pral rive. M ap pale w de sa, epi Li . . . Yon jou anba sou rivyè a, anvan ministè a te kòmanse, premye revèy la, Li te parèt nan syèl la, Li te idantifye tèt Li epi te bay komisyon an. Tout ane sa yo mwen te kache sa nan kè m, ap vwale Kris, menm Kolòn Dife k ap entèprete Pawòl la, jan sa te pwomèt la. Nou nan dènye jou a, se jis Vini Seyè a. E si w jwenn tèt ou deyò vwal sa, ki se lanmò pou rete deyò, èske w vle pa lafwa, maten an, di: “Ak èd Bondye. E ak èd Ou, Seyè, mwen vle pèsè vwal sa. Mwen vle antre kote W ye a, pou wè Pawòl konplè Bondye a”?

363 Pa eseye vin yon Moyiz. Pa eseye vin yon Arawon. Pa fè sa. Jis rete sa w ye a, men vin yon Kreyen.

³⁶⁴ Èske w t ap, ak tèt ou bese, leve men w bay Bondye, pou di: “Seyè Bondye, ede m anndan vwal la”? Bondye beni w. Bondye beni w. Se sa, jis gade men yo!

³⁶⁵ Deyò aleksteryè, sonje, mwen ka pa janm wè men w. Sa pa—sa pa vo gran choz pou m wè l, de tout fason; se, Bondye. Se sèlman, pou mwen, sa jis fè m wè ke Semans lan—lan te tonbe yon kote, e, ke Bondye wè vrè kè a.

³⁶⁶ Si gen nenpòt lòt ki pa t leve men l yo, ki ta vle leve l kounye a, leve men w pou n sonje w nan lapriyè. Leve men w. Bondye beni w. Sa bon. Bondye beni w.

³⁶⁷ Papa, nou priye jodi a ke sila yo, Seyè, ki poko travèse vwal sa a. Yo kanpe deyò la tankou Izrayèl; y ap obsève. Yo kwè, men yo poko janm antre nan Sa ankò, pou wè gwo Limyè Chekina sa, alafwa espirityèl e fizik, a on tèl pwèn ke je mekanik kamera a te kontinye ap pran foto; jis de semèn de sa, te kapte L ankò. W ap revele tèt Ou, Seyè, Bondye Pwisan an devwale pou kwayan an; toujou vwale pou enkwayan an, men devwale pou kwayan an.

Ke yo travèse, jodi a, Seyè, pou wè grandè mayifik ak Glwa Li. Ke kè yo chanje anvan nou menm retounen nan legliz sa aswè a. Ke yo tout ranpli ak Lespri Ou, Prezans Ou. Ke Mèt la ranmase lafwa ke yo genyen an, gaye l atravè Pawòl la; ke melodi a retounen: “Ou te òdone, anvan fondasyon mond lan, pou kwè Sa. Kwè, pitit Mwen, epi sove.”

³⁶⁸ Papa Bondye, nou remèt yo nan men W kounye a, nou reyalize pa gen anyen an plis ke nou ka fè. Tout bagay la avè W kounye a, Papa. Mwen ba Ou yo. Nan Non Jezikri, Pitit Ou a. Amèn.

Mwen renmen L, mwen . . .
Paske . . . te renmen m an premye
E li te achte sali mwen
Sou pyebwa Kalvè a.

³⁶⁹ Èske w renmen L?

Mèveye, mèveye, Jezi ye pou mwen,
Konseye, Prens Lapè, Bondye Pwisan se Li;
L ap sove m, kenbe m lwen tout peche ak wont,
Mèveye Redanmtè m lan, louwe Non Li!

Mwen te pèdi yon fwa, kounye a yo te jwenn
mwen, lib de kondanasyon,
Jezi bay libète ak yon sali konplè;
Li sove m, kenbe m lwen tout peche ak wont,
Mèveye Redanmtè m lan, louwe Non Li!

O, mèveye, mèveye, Jezi ye pou mwen,
Konseye a, Prens Lapè a, Bondye Pwisan an se
Li;
O, k ap sove m, kenbe m lwen tout peche ak
wont,
Mèveye Redanmtè m lan, louwe Non Li!

370 Konbyen moun ki wè L kanpe, Konkeran Pwisan an, Pawòl la ki vin lachè, devwale devan nou; Alfa, Omega; Sila ki Te la, Ki la, e ki Pral Vini; Rasin ak Desandan David; se te Fis de lòm, Fis de Dye, Fis de lòm, e li pral Fis de David? Ou kwè Sa ak tout kè w? Devwale tèt Li nan chak aj, mennen l bay kwayan an, vwale tèt Li nan lachè imen lwen enkwayan an. Li kache dèyè yon vwal. Ke Bondye brize tout vwal, pou nou wè L jan L ye a!

Jezi brize tout chenn,
 Jezi brize tout chenn,
 O, Jezi brize tout chenn,
 Lè L te libere w!
 Lòtbò Jouden an,
 Nan dous jaden Edenn yo
 Kote Pyebwa Lavi a ap fleri,
 Gen repo pou mwen.
 Jezi brize . . .

Èske w pa vle travèse Jouden kounye a? Èske sa pa long ase pou nan dezè a? Ann kontinye avanse nan pwomès yo!

Jezi brize tout chenn,
 Jezi brize tout chenn,
 O, lè L te libere nou!

371 Ann leve men nou kounye a.

Mwen va louwe L tout tan, tout tan,
 Mwen va louwe L tout tan, tout tan,
 Mwen va louwe L tout tan, tout tan,
 Paske Li libere m!

372 Amèn! Èske sa pa fè w santi w byen? O, ala bèl bagay! Ala sa mèveye, èske Li se sa, alò? Annou bay lanmen youn ak lòt kounye a, pou n ap di:

Jezi brize tout chenn,
 Jezi brize tout chenn,
 O, Jezi brize tout chenn, (Bondye beni w, frè.)
 O, e Li libere w!
 Mwen va louwe L tout tan, tout tan, (Bondye
 Pwisan an!)
 mwen . . .

“Menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan,” te jis chanje fòm Li.

. . . louwe L,
 Mwen va louwe L tout tan, tout tan,
 Paske Li (te pran tout kredo yo lwen mwen)
 mete m . . . (pou m kwè Pawòl Li).

373 O, èske w pa ka tande Vyolon Mèt la travèse, ache pou kòd yo ap pase atravè Pawòl sa a? Li se menm lan ayè, jodi a!

Mwen va louwe L tout tan, tout tan,
 Mwen va louwe L tout tan, tout tan,

Mwen . . . (Limenm, Pawòl la!) . . . tout tan, tout
tan ap louwe L, (Kisa Li te fè?)
Paske Li te libere m (dèyè rido a) mwen!

³⁷⁴ Lwanj pou Bondye! Mwen renmen L. Èske w pa renmen L?
Èske sa pa tankou Syèl la? Mwen renmen atribi sa yo nan Pawòl
la, ou wè, jis Sentespri a nan fason dous, enb sa. Mwen—mwen
jis renmen Sa. O, jis panse!

Lòtbò Jouden an, (M ap apwoche la kounye a.)
Nan dous . . . (Imòtèl!) Edenn lan, . . . (Kisa m
pral jwenn la?)
Kote Pyebwa . . . (ki te nan jaden Edenn lan) ap
fleri,
Gen repo pou mwen.

³⁷⁵ Ou vle ale? Li brize tout chenn.

Jezi brize (chak tradisyon) chak chenn,
Jezi brize tout chenn, (tout denominasyon, tout
kredo)
. . . brize tout chenn,
O, lè Li te libere nou!

³⁷⁶ Lwanj pou Bondye! Mwen jis renmen L. Se pa etonan Ezayi
te di: “Li se Konseye, Prens Lapè, Bondye Pwisan, Pè Etènèl,
Mèveye!”

Mèveye, mèveye, Jezi ye pou mwen,
Konseye, Prens Lapè, Bondye Pwisan an se Li;
O, k ap sove m, kenbe m lwen tout peche ak
wont,
Mèveye, Redanmtè m lan, louwe Non Li!

³⁷⁷ O, la la! Sa fè kè m bouje. Ala Li mèveye! Mwen di nou, pa
gen fen pou Sa. Sa, mwen te antre nan Sa sa fè trant twazan de
sa, ap santi m fason sa a. E si Li pran reta, yon jou mwen pral
fèmen je m, mwen pral fè wout mwen nan menm fason an. Amèn!

Mèveye, mèveye, Jezi ye pou mwen,
Li se Konseye, Prens Lapè mwen, Bondye
Pwisan an se Li;
L ap sove m, L ap kenbe m lwen tout peche ak
wont,
Mèveye, Redanmtè m lan, louwe Non Li!

³⁷⁸ Mwen te ka rete isi a rès jounen an, nan Sa. Pòl di: “Si m
chante, m ap chante ann Espri.” En-hen. “Si m preche, m ap
preche an Espri. Si m ap mache, m ap mache an Espri. Si m ap
pale, m ap pale an Espri.” Ke tout bagay fèt pa Pawòl la an Espri.
Wi, mesye. Amèn! Tout bagay la se Verite Bondye.

³⁷⁹ Mwen wè Li, Bondye Pwisan an, devwale. Mwen wè L ap
rale kredo yo, denominasyon yo; retire dout yo—yo, pwogram
edikasyon, ak tout bagay; mache pi devan, kanpe la. Ou panse
kredo yo ka konkeri L? Ou panse denominasyon yo ka konkeri

L? Ou panse Konsèy Mondyal la ka konkeri L? Li te konkeri tout bagay, te brize tout chenn, fann louvri lanfè; te brize so a, li te antre nan lye trè Sen an; te devwale tèt Li pou nou, antanke Pawòl la, menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Amèn. Mwen renmen L.

³⁸⁰ Kounye a, jiskaske nou rankontre apremidi a, nou vle fè yon sèl bagay, se sa:

Pran Non Jezi avèk ou,
Timoun nan lapenn ak malè;
L ap ba w lajwa ak rekonfò,
O, mennen L tout kote w prale.

Non presye, O ala dous!
Espwa tè a ak jwa Syèl la;
Non presye, (Ya, mwen genyen yo, deja.) O ala
dous!

Espwa sou latè ak . . . (. . . ? . . .)

³⁸¹ Si Satan ap eseye tante w, poutèt ou pa t gade bon bagay la, endike l Pawòl la tankou Jezi te fè l. Ou wè? Ou wè? Amèn!

Nan Non Jezi koube tèt ou,
Tonbe ajenou nan pye L,
Wa dè wa nan Syèl la nou va kouwone L,
Lè vwayaj nou va fini.

Non presye, (Non presye!) . . .
Espwa tè a ak jwa Syèl la;
Non presye, O ala dous!
Espwa tè a ak jwa Syèl la.

³⁸² Billy ap la, vè sizè, pou distribye kat priyè bay sila yo ki vle vini nan liy priyè a. Mwen panse ke nou ta fè mye pou fè l. Nou pa t ap fè sa, men, kòm se yon foul moun, nou ta fè mye fè sa, ou wè.

³⁸³ Kounye a sonje L! Kenbe L toujou nan lespri w, nan kè w. Kèlkeswa kote w ale, ou wè, kenbe Jezi nan panse w.

Pran Non Jezi avèk (Kounye a tandè.) nou,
Tankou yon boukliye kont tout pèlen; (Kisa k
rive?)

Lè tantasyon yo rasanble nan viwonn ou, (Kisa
w dwe fè?)

Jis respire Non Sen sa nan lapriyè.

Non presye, (Non presye!) O ala dous!
Espwa tè a ak jwa Syèl la;
Non presye, O ala dous!
Espwa tè a ak jwa Syèl la.

³⁸⁴ Annou bese tèt nou kounye a. Mwen pral mande pastè a si l ap vini pou voye oditwa a ale. Frè Neville, Bondye beni w, Frè Neville. 

64-0614M Devwale Bondye
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papyè kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org